ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№141 (24.579) • 2023 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 25, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •



# Анэхэр ягъэлъапІэ

**Анэм и махуэм теухуауэ КъБР-м и Правительствэм Іуэхугъуэ гуапэ щекІуэкІащ.**



Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Казбек** и Унафэкіэ, «Анэм и щІыхь» медалыр хуагъэфэщащ бынитхурэ нэхъыбэрэ зыпІ бзылъхугъэ 21-м. Абыхэм щехъуэхъум, республикэм и Іэтащхьэм къыхигъэщащ цІыхум дежкІэ нэхъ лъапІэ дыдэу щытыр анэр зэрыарар икІи абыхэм жэуаплыныгъэшхуэ яхэлъу я щІэблэм гугъу зэрыздрагъэхьыр.

- Анэхэращ унагъуэхэм насып, гуапагъэ изылъхьэр. Ахэращ зи ІэмыщІэ илъыр ди щІэблэр узыншэу, губзыгъэу къэхъуныр, ди республикэр, къэралыр езыгъэфІэкІуэн къащІэхъуэныр. Сыхуейт дэтхэнэ зы анэми жесІэну фІыщІэ зэрыхуэсщІыр, гущІэгъу зэрахэлъым, махуэ къэс зыпэрыт ІэнатІэ мытыншым зэрыпэлъэщым папщІэ, - жиІащ КІуэкІуэ Казбек. - Псом хуэмыдэу нобэ псалъэ гуапэхэр яхуэгъэзащ сабий куэд зиІэхэм, зыгъасэхэм. Абыхэм я къалэныр гугъуми, нэрылъагъуэщ бынунагъуэшхуэм къыщыхъухэм хьэлыфІхэр яхэпща зэрыхъур - гущІэгъу, зэхэщІыкІ, нэхъыжьым пщІэ хуэщІын, нэхъыщІэм хуэсакъын, зэкъуэтын жыхуэтІэхэр. Жылагъуэр лъэрызехьэ зыщІыр апхуэдэ гъэсэкІэрщ, хабзэфІхэрщ. Дэтхэнэми икъукІэ пщІэшхуэ худощІ. Иужьрей илъэсхэм бынунагъуэшхуэхэм къэралыр зэрыдэІэпыкъу Іэмалхэр куэд дыдэ хъуащ, фэтэр къыщащэхум банкым къыщащта щІыхуэр яхуэпшыныжынымкІэ щІэгъэкъуэн хъунри яхэту. Къыхэзгъэщыну сыхуейт нэгъабэ «Анэ лІыхъужь» цІэ лъапІэр къызэрыдэтхыжари. КъиіщынэмыщІауэ, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир иджыблагъэ Іэ щІидзащ 2024 гъэр Унагъуэм и илъэсу зэрагъэувым.

КІуэкІуэр тепсэлъыхьащ бынунагъуэшхуэхэм защІэгъэкъуэным тещІыхьауэ республикэм щрагъэкІуэкІ Іуэху щхьэхуэхэми. Абыхэм ящыщ зыщ «Анэм и щІыхь» медалыр щраткІэ, унагъуэм къыщыхъу сабий къэс сом мин 30 зэрыратыр. Мы гъэм ягъэлъапІахэм яхэт, Нарткъалэ дэс Хадарцевэ Инессэ бын 11 зэрипІым къыхэкІыу, ахъшэм къыдэкІуэу, автобус цІыкІу иратащ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым мы зэманым жыджэру дыщолэжь егъэджэныгъэмкІэ, узыншагъэр хъумэнымкІэ, спортымкІэ ІэнатІэхэр егъэфІэкІуэным, сабий творчествэмкІэ ІуэхущІапІэхэр къызэІудох. Абыхэми елъытащ унагъуэхэр зэІузэпэщу псэуныр. ДяпэкІи бынунагъуэшхуэхэм защІэдгъэкъуэныр, ди щІэблэм зэрызаужьын Іэмалхэм елэжьыныр, узыншэу, насыпыфІэу, губзыгъэу, жэуап яхьыфу, Хэкум хуэфащэу къэгъэхъуныр ди къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу щытынущ, - пищащ КІуэкІуэм.

Республикэм и Іэтащхьэм къыхигъэщащ мы зэманым Украинэм щекІуэкІ дзэ Іуэхухэм хэтхэм я бынхэми гулъытэ хэха зэрыхуащІынур. «Къэрал дэІэпыкъуныгъэ щыІэхэр абыхэм зыхащІэн папщІэ тхузэфІэкІ къэдгъэнэнукъым. Щхьэхуэу фІыщІэ яхуэсщІыну сыхуейт лІыгъэрэ хахуагъэрэ яхэлъу нобэ зи Хэкур зыхъумэ ди щІалэхэр зыгъэсахэм. Дэтхэнэ бзылъхугъэми пщІэрэ щІыхьрэ хуэфащэщ: унагъуэ Іуэхум и закъуэкъым фэ фызыхунэсыр, ехъулІэныгъэ фиІэу республикэм и ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэми фи гуащІэ хыволъхьэ, цІыхубэм зывогъэужь», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

Бынитху зыпІ Луговая Марие республикэм и Іэтащхьэм фІыщІэ щыхуищІым къыхигъэщащ къыхуащІа гулъытэр зэращымыгъупщэнур. «Дэтхэнэри дыхущІокъу Хэкум хуэфащэн щІэблэ зэрыдгъэсэнум. ЗэрытхузэфІэкІкІэ ди бынхэм яхыдолъхьэ щІэныгъэри, я лъахэр фІыуэ ялъэгъунри, ди лъэпкъ хабзэхэр ящІэнри. ЩІыналъэ унафэщІхэм зыкъызэрытщІагъакъуэм мыхьэнэшхуэ иІэщ. Анэхэр, унагъуэхэр щагъэлъапІэ Іуэхугъуэхэр иужьрей зэманым куэду ирагъэкІуэкІри, ди къэкІуэнур дахэ зэрыхъунум ущегъэгугъ. ЩІыналъэ унафэщІхэм фІыщІэ фхудощІ фыкъызэрытхуэсакъым папщІэ», - жиІащ абы.

- КъБР-м и Іэтащхьэм, ди Правительствэм, район унафэщІхэм я жэрдэмкІэ нобэ дызэрагъэлъапІэм ди дежкІэ уасэ иІэкъым. Псом хуэмыдэу Анэм и махуэм ирихьэлІэу апхуэдэ гулъытэ къыпхуащІыныр гуапэ дыдэщ. Бзылъхугъэхэм псоми сехъуэхъуну сыхуейщ я бынхэм я ехъулІэныгъэ куэд ялъагъуну, узыншэну, дыщІэукІытэн къахэмыкІыу ди щхьэр лъагэу дэзыгъэІэтын щІэблэ диІэну. Аращ анэм дежкІэ нэхъыщхьэ дыдэр, - жиІащ Темыржан Жанеттэ. Бзылъхугъэм щхьэгъусэхэми фІыщІэ яхуищІащ, ахэр щІэгъэкъуэну ямыІамэ, яхузэфІэкІыныр зэрымащІэр къыхигъэщу.

ФІыщІэ псалъэхэмкІэ КъБР-м и Іэтащхьэм зыхуагъэзащ Хадарцевэ Инессэрэ Шыбзыхъуэ Залинэрэ.

- Нобэ «Анэм и щІыхь» дамыгъэр зыхуэдгъэфэща дэтхэнэми сынывохъуэхъу. Си гугъэмкІэ, сыт хуэдэ анэм дежкІи и дамыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэр и быным зыхищІыкІынырщ, абы и ехъулІэныгъэхэр илъагъунырщ. Аращи, фи щІэблэм фи гум ежэлІэн зэи къывжамыІэну, фагъэгушхуэ зэпыту фыпсэуну си гуапэщ. Къэралым и гулъытэр нэхъыбэу зытриухуэр унагъуэхэращи, абыхэм ехьэлІа Іуэхухэр адэкІи едгъэфІэкІуэнущ, - жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэм.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

«Анэм и щІыхь» медалыр тыным и ІуэхукІэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

***Гъэсэныгъэ дахэ яхэлъу сабиитху е нэхъыбэ зэрапІым папщІэ «Анэм и щІыхь» медалыр етын:***

АБЕЙ Ольгэ Василий и пхъум - сабии 5-м я анэм
АФІЭУНЭ Дадий Борис и пхъум - сабии 5-м я анэм
БЕЙТЫГЪУЭН Эммэ Хьэутий и пхъум - сабии 5-м я анэм
ДЖЭРЫДЖЭ Марьянэ МэчрэІил и пхъум - сабии 5-м я анэм
ГУТАЕВЭ Іэсият Таукъан и пхъум - сабии 5-м я анэм
ЖАНКЪАЗИЙ Марьянэ Амдулэхь и пхъум - сабии 5-м я анэм
ЗЭКІУРЕЙ Людмилэ Билъостэн и пхъум - сабии 5-м я анэм
КИМ Оксанэ Владимир и пхъум - сабии 7-м я анэм
КЪУЭЖЕЙ Еленэ Борис и пхъум - сабии 5-м я анэм
ЛУГОВАЯ Марие Александр и пхъум - сабии 5-м я анэм
МАМЫЩ Ларисэ Іэулиян и пхъум - сабии 5-м я анэм
СЭБАНШЫ Людмилэ Ахъмэтхъан и пхъум - сабии 5-м я анэм
СОБЛЫР Анетэ Барэсбий и пхъум - сабии 5-м я анэм
ТЕБАЕВЭ Валентинэ Іэмин и пхъум - сабии 5-м я анэм
ТЕМЫРЖАН Жанеттэ Абдул-Чэрим и пхъум - сабии 5-м я анэм
ТХЬЭГЪЭЛЭДЖ Залинэ Борис и пхъум - сабии 7-м я анэм
УЯНАЕВЭ Айгюль Ибрэхьим и пхъум - сабии 7-м я анэм
ХАДАРЦЕВЭ Инессэ Александр и пхъум - сабий 11-м я анэм
ЧЫП Маритэ Хьэрис и пхъум - сабии 5-м я анэм
ШЫБЗЫХЪУЭ Залинэ СулътІан и пхъум - сабии 5-м я анэм
ШЫДУКІ Аринэ СулътІан и пхъум - сабии 5-м я анэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2023 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м*
*№117-УГ*

# Мурадхэр ІуэхукІэ щІагъэбыдэ

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек видеоконференц ІэмалкІэ хэтащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Хуснуллин Марат иригъэкІуэкІа, щІыналъэхэм зегъэужьынымкІэ комиссэм и президиумым и зэхуэсым.**

ЩІЫНАЛЪЭХЭМ щекІуэкІ лэжьыгъэм теухуауэ къэпсэлъащ УФ-м ухуэныгъэхэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр Файзуллин Ирек. КъБР-м къыбгъэдэкІыу зэхуэсым видеоконференц ІэмалкІэ иджыри хэтащ республикэм ухуэныгъэхэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр Бэрбэч Алимрэ транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министр ДыщэкІ Аслъэнрэ.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ лъэпкъ, къэрал проектхэр гъэзэщІа зэрыхъум, ущыпсэуж мыхъуну унэхэр нэхъ мащІэ щІын, цІыхухэр къызэрырашэкІ транспорт жьы хъуахэр щІэкІэ хъуэжын, инфраструктурэм зегъэужьын зэрыхуейм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым дызэрыт илъэсым лъэпкъ, къэрал проектхэм япкъ иткІэ ІуэхущІапІэ 350-м щІигъум ухуэныгъэ, зэгъэпэщыжын лэжьыгъэхэр щокІуэкІ. Абыхэм ящыщ зыбжанэм ар и кІэм щынэблэгъащ. Псалъэм и хьэтыркІэ, гъуэгум епха ухуэныгъэу 84-м щыщу 82-м елэжьын яухакІэщ, псы зэбгрызыш ІуэхущІапІэу 13-м щыщу 5-м иращІэн хуейр зэфІагъэкІащ, жылагъуэ, уней пщІантІи 157-м щыщу 149-р зэІузэпэщ ящІащ, нэгъуэщІхэми хунэсащ.

Лэжьыгъэр и кІэм щынагъэсащ егъэджэныгъэм, узыншагъэм, щэнхабзэм епха ухуэныгъэхэми. Ущыпсэуж мыхъуну унэхэм цІыхухэр хуэм-хуэмурэ къыщІагъэІэпхъукІыурэ унэщІэхэм ягъакІуэ. КІэзонэ щІыхуэ ІэмалкІэ республикэм и бюджетым къыхэкІыу автобус 44-рэ къащэхуну я мурадщ, муниципалитетхэм я жылагъуэ транспортыр щІэкІэ яхъуэжын мурадкІэ. Ахэр дызытехьэ илъэсым и щІышылэм къэсынущ.

# Дэтхэнэми дэІэпыкъунущ

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек УФ-м и Президентым и егъэблэгъапІэм и къудамэу республикэм щыІэм цІыхухэм я щхьэ ІуэхукІэ зыкъыщыхуагъэзащ.**

БЫН куэд зэрыс унагъуэхэм, медицинэ кІэлъыплъыныгъэ зэпымыууэ хуэныкъуэ, узыншагъэкІэ сэкъат зиІэ сабийхэм я адэ-анэхэм лъэІукІэ зыкъыхуагъэзащ республикэм и Іэтащхьэм. Дэтхэнэ зыми и лъэІур гъэзэщІа хъун щхьэкІэ, КІуэкІуэ Казбек унафэ пыухыкІахэр ищІащ.

adyghe@mail.ru • adyghepsale.ru • apkbr.ru • smikbr.ru • Адыгэ Псалъэ • Адыгэ Псалъэ

# Къалэн гъэбелджылахэм сом мелард 11-м щIигъу хухахащ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ КъБР-м Хабзэр къызэгъэпэщынымкIэ зэпымыууэ лажьэ и зэзыгъэуIу зэхыхьэм и зэIущIэ.**

АБЫ И лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ**I Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэ **Мэкъуауэ Тимур**, министрхэр, хабзэхъумэ, къэпщытакIуэ-кIэлъыплъакIуэ IэнатIэхэм, щIыпIэ самоуправленэхэм, муниципалитетхэм я унафэщIхэр.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и прокурор Хабаров Николай, КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Бэрбэч Алим, республикэм Тарифхэмрэ псэупIэ IэнатIэм кIэлъыплъынымкIэ и къэрал комитетым и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Мэкъуашэ Алим, КъБР-м щыIэ МВД-м и министрым и къуэдзэ Мамхэгъ Назир сымэ.

Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ лъэпкъ проектхэр зэрагъэзащIэм и фIагъым, ахэр щызэфIагъэкIыну къэгъэлъэгъуа пIалъэхэм зэрыкIэлъыплъым, абы къахуигъэув Iуэхухэр хабзэр къызэпамыуду зэрырагъэкIуэкIыр къызэрапщытэм. Апхуэдэу и гугъу ящIащ къэрал мылъкум епха щIэпхъаджагъэхэр къыщIагъэщыным хуэгъэзауэ ирагъэкIуэкI Iуэхухэмрэ хэщIыныгъэр ирагъэкъужынымкIэ ялэжьхэмрэ. Къыхагъэщащ коммунальнэ хозяйствэмкIэ федеральнэ ведомствэхэм я щIыналъэ къудамэхэр, къэрал къулыкъущIапIэхэм я хэгъэгу IуэхущIапIэхэм, щIыпIэ самоуправленэхэр а унэтIыныгъэмкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм зэрехъулIэр.

Мы илъэсым республикэм лъэпкъ проект 12 щагъэзащIэ, абы хохьэ егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ, щэнхабзэмкIэ, спортымкIэ, мэкъумэш хозяйствэмкIэ, туризмэмкIэ, хьэрычэтыщIэ IуэхумкIэ, гъуэгу-транспорт, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэхэр, нэгъуэщIхэри.

2023 гъэм ягъэзэщIэну лъэпкъ проектхэм хухаха мылъкур сом мелард 11-м щIегъу. А ахъшэр хуаутIыпщащ курыт еджапIэхэр, щэнхабзэмкIэ унэхэр, гъуазджэмкIэ сабий школхэр, спорт комплексхэр, амбулаторэхэр, поликлиникэхэр, сымаджэщхэр, коммунальнэ IуэхущIапIэхэр, гъуэгухэр, нэгъуэщI IэнатIэхэр ухуэным икIи зэгъэпэщыжыным.



● КъБР-м и Парламентым

# Щэнхабзэмрэ динымрэ зэрызэпыщIам трагъэащIэ

**КъБР-м и Парламентым щекIуэкIащ XXXII дунейспо хъуромэ (рождественскэ) еджэныгъэхэм щыщ VIII щIыналъэ зэIущIэр. «Динымрэ щэнхабзэмрэ: тфIэкIуэдамрэ къытхэхъуамрэ, къэкIуэнум и теплъэр» - аращ зытеухуауэ щытар. ЗэIущIэм хэтащ депутатхэр, къулыкъущIэхэр, дин, жылагъуэ, егъэджэныгъэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, щIэныгъэлIхэр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр, студентхэр, журналистхэр. ЗэIущIэм къеблагъэхэм макъамэкIэ яIущIащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и «Камерата» оркестрыр.**

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихащ КъБР-м и Парламентым и унафэщI **Егоровэ Татьянэ**. И гугъу ищIащ динымрэ щэнхабзэмрэ зэрызэпхам.

- Динымрэ щэнхабзэмрэ мыхьэнэкIэ зэпыщIащ, зыр адрейм елъытыжауэ къызэдогъуэгурыкIуэ. ЗэщIыгъуу ахэр сэбэп мэхъу зыр зым илъытэу, пщIэ хуищIу, гущIэгъу хуиIэу цIыхур гъэсэнымкIэ. Мыхьэнэшхуэ щагъэзащIэ унагъуэ Iуэхуми. Дин гупсысэхэр щIэлъщ сурэтыщI Iэзэхэм, усакIуэшхуэхэм, архитекторхэм я IэдакъэщIэкI цIэрыIуэхэм. Апхуэдэ лэжьыгъэхэм дунейпсо гъуазджэм увыпIэшхуэ щаубыдащ. ЦIыхубэм ялъытэ, ягъэлъапIэ дин мыхьэнэ зиIэ махуэшхуэхэр. Дэри ди къалэнщ ди тхыдэ, щэнхабзэ щIэиныр тхъумэну икIи дгъэкIуэтэну. Ди щIэблэр щытхъумэн хуейщ Iеймрэ щIэпхъаджэмрэ. Абы папщIэ зэхагъэкIыфу егъэсапхъэщ дэтхэнэ Iуэхугъуэр щапхъэми, дэтхэнэм зыщыхъумапхъэми. ЩIэблэм я гъэсэныгъэм и гугъу пщIымэ, абы хэтын хуейщ дин IуэхущIапIэхэр. А псом нобэ дытепсэлъыхьынущ, мурадхэри дгъэбелджылынущ, - жиIащ Егоровэм.

Зытепсэлъыхь Iуэхугъуэм теухуауэ и гупсысэхэмкIэ зэIущIэм хэтхэм ядэгуэшащ **Пятигорскрэ Черкесскрэ я Архиепископ Феофилакт**.

- КъБР-м и Парламентым щекIуэкI Iуэхугъуэхэр сыт щыгъуи игъуэщ, щхьэпэщ, зозыгъэужьщ. Сыкъеблэгъэху дызытепсэлъыхьхэр Iэмал имыIэу мэхъу Iуэху дахэ гуэр къызыкIэлъыкIуэ щIэдзапIэ. Къапщтэмэ, мыхьэнэ пыухыкIа зиIэ Iуэхугъуэ щхьэхуэм зэгъусэу утепсэлъыхьыныр щхьэпэщ. Абы къокI а зэIущIэм хэтхэр зы гупсысэм, зы Iуэхум дигъэпIейтейуэ, хэкIыпIэ къэтлъыхъуэу. Пэжщ, щхьэж къегъэсэбэп езым фIыуэ зыхищIыкI Iэмалхэр.

Дин хуэIухуэщIэхэм хэлъхьэныгъэ хуащIащ щэнхабзэм и зыужьыныгъэм. Диным щэнхабзэм щIелъхьэ гъэсэныгъэ мыхьэнэ, псэр зыузэщI гупсысэ. Къапщтэмэ, щэнхабзэр езыр псэм ехьэлIащ. Дэтхэнэми къыдгуроIуэ цIыхубэм я гъащIэм щэнхабзэм щигъэзащIэ къалэным и инагъыр. Щэнхабзэ зыхэзылъхьэм и псэр егъэнщI дахагъэкIэ. Щэнхабзэмрэ динымрэ зэпэщIахыну и ужь ихьакъэ – тIуми я мыхьэнэр мэкIуэд, - жиIащ абы.

КъБР-м ис муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ **Мысыр Хъызыр** тепсэлъыхьащ дин гъэсэныгъэм и Iэмалхэм.

- Ди зэманым щэнхабзэр, гущIэгъур, псэ къабзагъэр хъумэным зэпымыууэ утепсэлъыхьын хуейщ. Гъуэгу пхэнжкIэ дамыдзыхыу щIэблэр къыдэгъэкIуэтеиным дызэрелэжьыпхъэр гъэсэныгъэрщ – зэпымыууэ ахэр хуэдущиин хуейщ гущIэгъумрэ зэхэщIыкIымрэ. Дэ жэуап дохь къэкIуэну зэманым абыхэм я IуэхущIафэ, я хьэл-щэн, я цIыху хэтыкIэ хъунумкIэ. Напэр яфIэмыкIуэду гугъуехьхэр къызэранэкIыфу гъэсэнырщ нэхъыщхьэр.

ЦIыхур щыпсэу щIыпIэм, зыщыщ лъэпкъым, зэрихьэ диным емылъытауэ, зыр зым илъытэу, пщIэ хуищIу щытыпхъэщ. Аращ щIалэгъуалэр къызыхуеджэн хуейр щIэпхъаджагъэ ямыщIэн, дин, лъэпкъ зэщыIей къэзыгъэхъуну хуейхэм зыдрамыгъэхьэхын папщIэ. ЦIыхубэм гупсысэкIэ узыншэ яIэмэ, ди къэралым ис лъэпкъхэр зэгурыIуэнущ, - жиIащ Мысырым.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**:

- ЛъапIэныгъэхэр яIэщIэхуу е нэсу къагурымыIуэу къыщытщыхъу иджырей дунейм щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я фIыпIэр хъумэным мыхьэнэшхуэ щиIэщ.

Ижь-ижьыж лъандэрэ фIэщхъуныгъэмрэ щэнхабзэмрэ зэкIуу къызэдэгъуэгурыкIуащ. Ар къыхощ литературэм, гъуазджэм, архитектурэм. Псалъэм папщIэ, диныр античнэ литературэм пэджэжри, къэунэухащ пасэрей алыдж мифологиер. Абы къытехъукIыжащ пасэрей театрыр икIи европей гъуазджэми лъабжьэ хуэхъуащ. Шекспир, Цицерон, Моцарт сымэ я IэдакъэщIэкI телъыджэхэми ар къыхощ. Библием мыхьэнэ щигъэзэщIащ гъуазджэм образыщIэхэр къыщыунэхунумкIэ. Инджылым ит хъыбархэр щапхъэ яхуэхъуащ усакIуэхэм, сурэтыщIхэм, макъамэтххэм. ЛитературэмкIэ зыдгъазэмэ, щапхъэу къэхьыпхъэщ Библиемрэ КъурIэнымрэ.

Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэд зыщыпсэу ди къэралым и щэнхабзэр зэфIэувэным теухуауэ къалэнышхуэ ягъэзэщIащ ислъам, чристэн динхэм.

Ислъам диным и къабзагъым итхьэкъуащ урыс тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэхэр. Пушкин Александр и «Михайловские ссылки» тхыгъэм усэ Iэрамэ хэтщ «Подражание корану» жиIэу. Толстой Лев и IэдакъэщIэкIхэм къыхощ ислъам диным узыщрихьэлIэ Iуэхугъуэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ и министерствэм гулъытэшхуэ хуещI Урысейм и щэнхабзэр, псэм зезыгъэужь лъапIэныгъэхэр, тхыдэ фэеплъыр хъумэным теухуауэ. Апхуэдэ къалэнхэр игъэзащIэу ирегъэкIуэкI щэнхабзэ зэхьэзэхуэ куэд - зэIущIэхэр, концертхэр, гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр, фестивалхэр, - жиIащ министрым.

ЩIэныгъэмкIэ Урысей Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и унафэщIым и къуэдзэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор **Абазэ Алексей** тепсэлъыхьащ динымрэ щэнхабзэмрэ егъэджэныгъэм щаIэ мыхьэнэм. Щхьэхуэу къытеувыIащ еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэуэ щаджыну «Основы российского государства» дерсыр зэрыхагъэхьам, ар зэраджыну тхылъхэри къызэрыдагъэкIам.

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым этнологиемрэ этнографиемкIэ и къудамэм и унафэщI **Просолов Дмитрий** къытеувыIащ динымрэ щэнхабзэмрэ зэрызэпыщIам теухуауэ я IуэхущIапIэм щрагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэм.

- Нобэ къэтIэтауэ дызытепсэлъыхь упщIэм гъащIэм и лъэныкъуэ куэд къызэщIеубыдэ. Зи дин зэтемыхуэ лъэпкъ куэд зыщыпсэу ди республикэм зэтеубла щыхъуащ а лъэпкъхэм я зэхуаку къыдэхъуэ зэхущытыкIэ дахэ, пщIэ, гъунэгъугъэ, ныбжьэгъугъэ, зэхэщIыкI. Ар тхъумэну ди къалэнщи, абы папщIэ республикэм щыдогъэкIуэкI Iуэхугъуэ куэд. Ди министерствэр абы и лъэныкъуэкIэ ядолажьэ дин, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, - къыщыхигъэщащ КъБР-м граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и министр **КIурашын Анзор** и къэпсэлъэныгъэм. Щхьэхуэу и гугъу ищIащ абы теухуауэ министерствэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэми.

Мэльбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Къэрал лъэпкъ библиотекэм щэнхабзэм ехьэлIа дэфтэрхэмкIэ и фондыр щахъумэ къудамэм и унафэщI **Кушбокъуэ Зитэ** тепсэлъыхьащ фондым диным теухуауэ хэлъ тхылъ гъуэтыгъуейхэм.

Фиофилакт жиIащ Лъэпкъ библиотекэм тыгъэ хуащIыну тхыдэ щIэин къыщыгъэлъэгъуа тхылъ зэрыIыгъ зэрагъэхьэзырар.

ТворчествэмкIэ «Дыгъэпс къалэ» сабий академием и егъэджакIуэ **Таз ФатIимэ** тепсэлъыхьащ сабий зэчиифIэхэм зезыгъэужь «Свеча» студием, «ЕгъэджакIуэм и лIыгъэ» проектым, езыр зыхэта егъэджакIуэ зэпеуэхэм, абыхэм къыщихьа ехъулIэныгъэхэм.

Тырныауз къалэм дэт гимназие №5-м гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэмкIэ и унафэщIым и къуэдзэ **Кадниковэ Светланэ** тепсэлъыхьащ илъэс къэс я еджапIэм псапэ хуэщIэу къыщызэрагъэпэщ жармыкIэм, а Iуэхугъуэм я еджакIуэхэр жыджэру зэрыхэтым.

Мы зэхыхьэм щагъэлъэпIащ Егъэджэныгъэм, гъэсэныгъэм, сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ ядэлэжьэным теухуауэ илъэс къэс ирагъэкIуэкI «ЕгъэджакIуэм и лIыгъэ» зэпеуэм 2023 гъэм щытекIуахэр.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

● КъБР-м и Правительствэм

# Iуэхугъуэ зыбжанэм хэплъащ

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий Iуэхугъуэ зыбжанэм щыхэплъа зи чэзу зэIущIэ иригъэкIуэкIащ.**

КъБР-м и къэрал мылъкум щыщ Налшык къалэм и мылъкум хэгъэхьэным теухуауэ Правительствэм игъэхьэзыра проектыр абы щигъэбелджылащ КъБР-м щIы, мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ и министр **Тэхъу Аслъэн**. Налшык къалэ и мылъкум щыщ хъунущ километри 2,70-рэ зи кIыхьагъ Кэнжэ-Каменкэ автомобиль гъуэгур. Ар щIы Iыхьэрэ гъуэгум епха ухуэныгъэу сом мелуан 61,5-рэ и уасэу зэхэтщ.

КъБР-м и къэрал программэхэр зэрагъэбелджылы Iэмалхэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм я гугъу ищIащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис**.

КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр **ДыщэкI Аслъэн** тепсэлъыхьащ КъБР-м и Правительствэмрэ «Кавказ Ищхъэрэ къалэзэхуаку пассажир компание» акционер зэгухьэныгъэмрэ 2024 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр гъущI гъуэгу транспорт Iуэхутхьэбзэхэ къызэрызэрагъэпэщынум теухуауэ зэраухылIа зэгурыIуэныгъэм.

Республикэм щыIэ аттракционхэм я щытыкIэмрэ я лэжьэкIэмрэ зэрыкIэлъыплъыр къигъэнэIуащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Уэдыхь Тимур**.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Езауэ Анзор** зэIущIэм хэтхэр щигъэгъуэзащ щIыналъэм и экономикэр нэхъ зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэр щагъэхьэзыр еджапIэхэм я лэжьыгъэр зыунэтI совет къызэрызэрагъэпэщым теухуа унафэм и проектым.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ цIыхухэм псэуныгъэкIэ защIэгъэкъуэнымкIэ и министр **Асанов Алим** къигъэнэIуащ республикэм и цIыхухэм ядэIэпыкъуным теухуауэ КъБР-м и Правительствэм игъэхьэзыра проектищ.

Пенсэмрэ социальнэ страхованэмкIэ КъБР-м и фондым, КъБР-м и къэрал архивым, муниципалитетхэм я архивхэм я зэпыщIэныгъэм кIэлъыплъ лэжьакIуэ гуп къызэгъэпэщыным теухуа проект щхьэхуэ игъэхьэзыращ Правительствэм. Ар къигъэлъэгъуащ КъБР-м и Архив IуэхущIапIэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Гуртуев Азэмэт**.

КъБР-м фIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и унафэщIым, абы и къуэдзэхэм, бухгалтер нэхъыщхьэм я лэжьапщIэм теухуауэ зэхъуэкIыныгъэхэр къызыщыхьа проектыр игъэбелджылащ IуэхущIапIэм и унафэщI **Бгъэжьнокъуэ Зурият**.

**ГЪУЭТ Синэ.**



# ЩIыналъэм и хэхъуэр сом мелард 50-м щIигъунущ

**КъБР-м и Парламентым едэIуэн щыщIадзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр 2024, 2025 - 2026 гъэхэм зыхуэдэнум теухуа законопроектым.**

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым, республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и УнафэщI Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ ипэ илъэсхэми хуэдэу, ар цIыхухэм я псэукIэр нэхъыфI зыщIыну Iуэхугъуэхэм хуэунэтIауэ зэрыщытынур. Абы жиIащ законопроектым КъБР-м и Парламентым и комитетхэм я зэIущIэхэм зэрыщыхэплъар, икIи дэфтэрыр къыщащтэкIэ депутатхэм гулъытэ зыхуэщIыпхъэу къагъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэмрэ КъБР-м Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм кърикIуахэмрэ къызэралъытэнур.

- Иужьрей илъэсхэм гъэунэхуныгъэщIэхэм дыхэту щIыналъэм и бюджетыр дгъэзэщIэн хуей хъуащ. АрщхьэкIэ, абыхэми емылъытауэ, тхузэфIэкIащ ди экономикэр едмыгъэхуэхыу, уеблэмэ щIыналъэм езым и хэхъуэхэр иIэу, лъэпощхьэпохэр къызэднэкIыну, - жиIащ Егоровэм. - Законопроектым къыщылъытащ республикэ, къэрал Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр гъэзэщIа зэрыхъуну ахъшэри хьэрычэтыщIэхэм, мэкъумэш-фермер IэнатIэхэм, унагъуэхэм зэрадэIэпыкъунури. Абы хэтщ автомобиль гъуэгухэр ухуэнымрэ зэрагъэпэщыжынымрэ, егъэджэныгъэмкIэ, щэнхабзэмкIэ, спортымрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэхэр зыхуей зэрыхуагъэзэнур. Утыку къитхьа законопроектыр зытещIыхьа мылъкум и процент 64,5-р (сом мелард 35-рэ мэхъу) тещIыхьащ цIыхухэм, узыншагъэр хъумэнымрэ егъэджэныгъэмкIэ IэнатIэхэм защIэгъэкъуэным. Республикэм и бюджетым щыщу сом меларди 4,7-рэ хухахынущ лэжьапIэншэхэм я медицинэ страхованием. Ипэ илъэсхэми хуэдэу, республикэм дежкIэ нэхъыщхьэр цIыхухэр зэIузэпэщу зэрыпсэун, абыхэм егъэджэныгъэмрэ я узыншагъэр зэрырагъэфIэкIуэнымрэ пщIэншэу зэрыIэрагъэхьэну Iуэхугъуэхэм елэжьынырщ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт законопроектым къызэрыщыгъэлъэгъуар Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэхухэм хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрызыщIагъэкъуэнури. Республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэр сыт щыгъуи хьэзырщ мыпхуэдэ пщэрылъхэр щIыналъэ унафэщIхэм яхуэгъэзэщIэн папщIэ щIэгъэкъуэн яхуэхъуну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуэну илъэсищым иIэну социально-экономикэ зыужьыныгъэр зыхуэдэм зэIущIэм щытепсэлъыхьащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис**. Абы зэрыжиIамкIэ, щIыналъэм къилэжьым (ВРП) хэхъуэным хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIыну IэнатIэхэм ящыщщ мэкъумэшыр (сом мелард 15,8-рэ къыхуихьыну траухуэ), сатур (сом мелард 12,8-рэ), ухуэныгъэр (сом меларди 9,5-рэ).

КъБР-м финанс IуэхухэмкIэ и министр **Лисун Еленэ** жиIащ 2024 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и хэхъуэхэр сом мелард 50-м зэрыщIигъунур. ХуэгъэкIуатэ зиIэ цIыху щхьэхуэхэм зэрызыщIагъакъуэ ахъшэхэр ирикъуу ягъэзэщIэнущ. Министрым къызэригъэлъэгъуамкIэ, а Iуэхухэм текIуэдэнущ республикэм къигъэсэбэпыну и мурадым и процент 24-рэ (сом мелард 13).

- 2024 гъэм республикэм и хэхъуэр сом мелард 50,7-рэ хъунущ, 2025 гъэм - сом мелард 43,3-рэ, 2026 гъэм - сом мелард 44,4-рэ. Налогымрэ нэгъуэщI хэхъуэхэмрэ 2024 гъэм сом мелард 18, 2025 гъэм - сом мелард 19,6-рэ, 2026 гъэм сом мелард 20,5-рэ хъунущ. Налог хэхъуэхэр, ипэ илъэсхэм хуэдэу, нэхъыбэу къыпэкIуэнущ НДФЛ-м, акцизхэм, мылъкум щхьэщатыкIым. Зымыгъэзэж хэхъуэхэр 2024 гъэм сом мелард 32,8-рэ хъуну тыдоухуэ, 2025 гъэм - сом мелард 23,8-рэ, 2026 гъэм сом мелард 23,9-рэ, - жиIащ Лисун Еленэ.

Министрыр къытеувыIащ федеральнэ ахъшэ хэхахэр зэрытрагуашэми. Апхуэдэу субсидие ахъшэр 2024 гъэм сом мелард 13,8-рэ хъунущ. Абы щыщу сом меларди 4,2-р пенсэ ахъшэм щIыналъэм дыщIигъум хухахынущ, курыт еджапIэхэм нэхъыбэ щIэхуэу къызэгъэпэщыным - сом меларди 2,9-рэ, мэкъумэш ерыскъыхэкIхэмрэ хьэпшыпхэмрэ къыщIэзыгъэкIхэм защIэгъэкъуэным - сом меларди 2-м щIигъу, республикэм и школхэм сабийхэр щыгъэшхэным - сом мелуан 576-рэ, «КИФЩI-м зегъэужьын» программэм хыхьэ Iуэхухэр егъэкIуэкIыным - сом мелуан 532-рэ.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финанс IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI **АфэщIагъуэ Михаил**, КъБР-м Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и унафэщI **КIасэ Динэ**, Урысейм и УФНС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ **Акаевэ Светланэ** сымэ.

Депутатхэр щIэупщIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым зыплъыхьакIуэ къакIуэхэм республикэм бюджетым къыхуахьыр зыхуэдизым, транспорт налогым щIыхагъахъуэ щхьэусыгъуэхэм, урысей тыкуэнхэм я къудамэхэр щIыналъэм куэду къызэрыщызэIуахым и фIагъхэмрэ щыщIэныгъэхэмрэ, нэгъуэщIхэми.

Къэпсэлъахэм я Iуэху еплъыкIэхэр къэлъытауэ, ягъэзэщIэн хуейхэр зэIущIэм щагъэбелджылащ. КъБР-м и Правительствэм къыхуагъэлъэгъуащ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехьэлIауэ хэхъуэхэр нэхъыбэ щIын зэрыхуейр, НалогымкIэ федеральнэ IэнатIэм и щIыналъэ къудамэм - налогхэмкIэ щIыхуэхэр къыхэхыжыным теухуауэ IэмалыщIэхэр къилъыхъуэну. Дэфтэрым адэкIи елэжьынущ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

**Махуэгъэпс**

# Анэр нэм хуэдэщ

**ЩэкIуэгъуэм и 26-м Урысей псом щагъэлъапIэ Анэм и махуэр. Хуабагъэ нэрымылъагъу зыщIэлъ, цIыхупсэр зыгъэгуфIэ махуэщIыр илъэс къэс тохуэ дызэрыт мазэм и иужьрей тхьэмахуэ махуэм. Абы ирихьэлIэу дэтхэнэ зыри хущIокъу и анэм ехъуэхъуну, быдэу IэплIэ иришэкIыну, тыгъэ гуапэ хуищIыну. Сабий садхэмрэ курыт еджапIэхэмрэ гулъытэ хэха щыхуащI абы, концерт зэмылIэужьыгъуэхэр щрагъэкIуэкI, я анэхэм я гуапэ ящIу.**

МАХУЭЩIЫМ и мыхьэнэр, и фIэщыгъэми къызэригъэлъагъуэщи, гурыIуэгъуэщ. Ар зэрыщыту хуэгъэпсащ анэхэм, абы къытхуащIэр къызэрыдгурыIуэр наIуэ ящытщIу дахуэгуэпэным. Хабзэ дахэу къокIуэкI а махуэм анэхэм псалъэ дахэхэр яжеIэныр, дунейм дыкъызэрытрагъэхьам, зыхуей дыхуагъазэу дызэрапIам, гъащIэ гъуэгум дызэрытрагъэувам, цIыху хэтыкIэ, псэукIэ тщIэуэ дызэрагъэсам папщIэ.

Анэм и махуэр ди къэралым гъэлъэпIэн щыщIадзащ 1998 гъэм. Ар гъэувын хуейуэ къыхэзылъхьар ЦIыхубзхэм, унагъуэмрэ щIалэгъуалэмрэ я IуэхухэмкIэ Къэрал Думэм и комитетырщ. Зэрызыхуагъазэ тхыгъэм итт дэтхэнэм и гъащIэми анэм щIыпIэ ин зэрыщиубыдыр, мыхьэнэшхуэ зэрыщиIэр махуэщIым къыхэщын зэрыхуейр.

Къапщтэмэ, Анэм и махуэр гъэлъэпIэным теухуа унафэр къэралым къимыщтэ щIыкIи ар щыIащ, зи жэрдэмри Баку щыщ егъэджакIуэт. Япэу ар щаIэтауэ къалъытэр 1988 гъэрщ, я лэжьэгъум и гукъэкIыр даIыгъри, илъэс къэс школ куэдым щагъэлъапIэу хуежьат.

Унагъуэм и махуэ дахэр школхэмрэ сабий садхэмрэ щагъэлъапIэ хабзэщ. Нэхъ пасэу яужь ихьэу ягъэхьэзыра IэрыщI хьэпшып цIыкIухэмкIэ ягъэгуфIэ махуэшхуэм хуагъэпса концертым къекIуэлIа анэхэмрэ анэшхуэмрэ. Интернетыр куэду къагъэсэбэп щыхъуа ди зэманым флешмоб зэмылIэужьыгъуэхэри ирагъэкIуэкI, сабийхэр гъэсэным телажьэхэм хуагъэфащэ къэрал дамыгъэхэри а махуэм Iэрагъэхьэж.

«Анэр нэм хуэдэщ» жиIакъэ адыгэ псалъэжьым. Апхуэдизу къыпхуэгумэщIэн, къохуэбылIэн, зыкIи къомыфыгъуэн цIыху дунейм теткъым. Ар быным псэкIэ зыхащIэну, я анэхэм я пащхьэ жэуаплыныгъэшхуэ зэрыщахьыр къагурыIуэну аращ махуэщIым и къалэн нэхъыщхьэри, зыщывмыгъэгъупщэ!

УсакIуэ куэд тетхыхьащ анэм. Абыхэм ящыщ зыщ Мыкъуэжь Анатоли. Анэм и гум, и псэм щыщIэр, и быным тегужьеикIауэ и гъащIэр зэрихьыр адыгэбзэ къабзэкIэ, гупсысэ шэщIакIэ, зэгъэпщэныгъэ дахэкIэ «Анэ» усэм къыщиIуэтащ абы.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

## Анэ

**ГъащIэр ехь**
**И быным тегужьеикIауэ:**
**Жьыр къепщамэ,**
**ФIощI ирихьэжьэн.**
**Къытехъуам уэлбанэ,**
**Унэм ар щIэкIауэ,**
**Псыдзэм ихьын фIэщIу**
**Ныпежьэнщ.**

**Химыгъэхьэ жэщым,**
**Химыгъэхьэ щIыIэм -**
**ФIощIыр псоми**
**Зыгуэр кърагщIэн...**
**Дыгъэ закъуэрщ анэм**
**Дзыхь зыхуищIу щыIэр:**
**А тIум зэщхьщи аращ**
**Я хьэл-щэн.**



# Мы махуэхэм

**ЩэкIуэгъуэм и 25,** *щэбэт*

♦**ЦIыхубзхэм залымыгъэ якIэлъызехьэным пэщIэтыным и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм и мамырщIэкъу дзэхэм я махуэщ**
♦**Урысейм щагъэлъапIэ пшынауэхэм я махуэр**
♦**1935 гъэм** СССР-м щагъэуващ «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр.
♦**1927 гъэм** къалъхуащ литературэдж, критик, УФ-мрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Шэвлокъуэ Пётр**.
♦**1933 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, публицист, АР-м щIыхь зиIэ и журналист **ЛIыхъусэжь Хьэжрэтбий**.
♦**1979 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **ХъуакIуэ ФатIимэт**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 14, жэщым градуси 7 - 9 щыхъунущ.

**ЩэкIуэгъуэм и 26,** *тхьэмахуэ*

♦**Информацэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм щагъэлъапIэ Анэм и махуэр**
♦**1832 гъэм** къызэрагъэпэщащ Урысейм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм я Штаб Нэхъыщхьэм и Дзэ академиер.
♦**1941 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик **Къумахуэ Мурадин**.
♦**1952 гъэм** къалъхуащ КъШР-м щIыхь зиIэ и художник **Хьэгъундокъуэ Мухьэмэд**.
♦**1962 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщI, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Жыласэ Маритэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 15, жэщым градуси 6 - 8 щыхъунущ.

**ЩэкIуэгъуэм и 27,** *блыщхьэ*

♦**Урысей Федерацэм и тенджыз Iуфэ лъэсырыкIуэдзэм и махуэщ**
♦**1946 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Хьэжы Анатолэ**.
♦**1951 гъэм** къалъхуащ КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Дадэ Суфэдин**.
♦**1957 гъэм** къалъхуащ жылагъуэ лэжьакIуэ, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ фондым и унафэщI **ЩоджэнцIыкIу Леонид**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 5, жэщым градуси 3 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Уи гъунэгъу умыуб, уи благъэщIи ущымытхъу.**

# Куэд зыхуэзэфIэкIа артист

● ДифI догъэлъапIэ

## УсакIуэ-уэрэдус Иуан Владимир къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу

**Артистым и зэфIэкIыр нэхъыщхьэу къызэралъытэхэм ящыщщ абы и утыку итыкIэр, игъэзэщIа ролхэр цIыхубэм ягу къызэринэжар. Апхуэдэт зыми емыщхь джэгукIэ гъэщIэгъуэн зиIа, зи зэфIэкIыр нобэми ящымыгъупщэ, зи IэдакъэщIэкI усэ-уэрэдыпкъхэр цIэрыIуэ, зи уэрэд жыIэкIэр гуимыхуж Иуан Владимир. Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щIыхь зиIэ я артист Иуаныр къызэралъхурэ мы махуэхэм илъэс 80 ирокъу.**

IУЭХУФIХЭМКIЭ гъэнщIа дуней псо къызэзынэкIа цIыху гуащIафIэ, артист гъуэзэджэ, усакIуэ-уэрэдус IэкIуэлъакIуэ икIи уэрэджыIакIуэ хъарзынэ Иуан Владимир Шамис и къуэр Аруан (иджы Лэскэн) районым хыхьэ Арщыдан къуажэм 1943 гъэм щэкIуэгъуэм и 22-м къыщалъхуащ. 1961 гъэм курыт еджапIэр къиуха нэужь, дзэм къулыкъу щищIащ. ИужькIэ (1970 гъэм) ар Щукиным и цIэр зэрихьэу Москва дэт театр училищэм щIэтIысхьащ, абы ягъакIуэ адыгэ студием хэту. ЕгъэджакIуэ цIэрыIуэ Калиновский Леонид и нэIэм щIэту еджа щIалэм зэфIэкI хъарзынэхэр къигъэлъагъуэу Iуэхум ехъулIэрт. Студенту щыщыта илъэсхэм Владимир щыджэгуащ Шолохов Михаил и «ЩIыщIэ къэIэта», Горький Максим и «Мещане», Шекспир Уильям и «ЕпщыкIутIанэ жэщ» тхыгъэхэмкIэ ягъэува спектаклхэм.

Театр училищэр къиухыу 1975 гъэм и хэку къигъэзэжа нэужь,

Иуаныр ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щылэжьэн щIидзащ, абы зэрыIута илъэс 40-м нэблагъэ пIалъэм къриубыдэу роль 80-м щIигъу игъэзэщIащ. Ар щыджэгуащ Шортэн Аскэрбий и «Яшэмрэ къэзышэхэмрэ», «КъулыкъущIэкъухэр», IутIыж Борис и «Хьэцацэ дахащэ», «Тыргъэтауэ», куржы драматург Отиа Иоселиани и «Хъыджэбзих къыдэнэжахэмрэ зы цIыхухъурэ», Островский Александр и «Хейуэ мысэ хъуахэр», Шиллер Фридрих и «Абрэджхэр», ЩоджэнцIыкIу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ», Шортэн Аскэрбий и «Партым и лIыкIуэ», КъардэнгъущI Зырамыку и «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ», Журт Биберд и «Къуршхэр къыщыушкIэ» тхыгъэхэм, нэгъуэщIхэми къытращIыкIа спектаклхэм.

Владимир нэхъыбэрэ зыдэлэжьа режиссёрхэм ящыщщ Теувэж СулътIанрэ Ерчэн Леонидрэ. Ахэр зыцIыхуу щытахэр щыхьэт зэрытехъуэфынущи, арэзы щIыгъуафIэхэм ящыщтэкъым тIури, ауэ Владимир тыншу ядэгъуэгурыкIуэрт а IэщIагъэлIхэм. Абы къегъэлъагъуэ жанр зэхуэмыдэхэм зэхуэдэу фIыуэ ар пэлъэщу зэрыщытар.

Иуаныр киноми и зэфIэкI щеплъыжащ, Хьэжкъасым Хьэсэн триха «Под знаком однорогой коровы», «Всадник с молнией в руке» жыхуиIэ фильмхэм щыджэгуащ.

Лъэпкъ щэнхабзэм хуищIа хэлъхьэныгъэм къыпэкIуэу, Иуаным къыхуагъэфэщат Къэбэрдей-Балъкъэрми Адыгэ Республикэми щIыхь зиIэ я артист цIэ лъапIэхэр. Абы гъуазджэм хуилэжьари мащIэкъым, лIэужьыр бжьиблкIэ зэрыуэм и фIыгъэ къекIа къыщIэкIынт - абы и и анэр пшынауэт, и адэр балалайкэ еуэрт. Зэчий зыбгъэдэлъ цIыхур куэдым хуэIэижьщ жыхуаIэрати, Владимир усакIуэ хъарзынэт, уэрэдусыфIт, балалайкэ Iэзэу еуэрт, уэрэд жиIэрт.

ЦIыхубэм гунэс ящыхъуащ «Къаблэ, къаблэ, уэ си вагъуэ», «ФIылъагъуныгъэр щымыIамэ», «СыIутщ хы Iуфэм» жыхуиIэ уэрэдхэр, апхуэдэуи зыдэзыгъэхуэхауэ цIыхугъэри напэри къизымыдзэжхэр ауан щищI гушыIэ уэрэдхэр. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ уэрэд пщIы бжыгъэхэр. Иджыпстуи макъамэ щIалъхьауэ уэрэджыIакIуэ щIалэхэм ягъэзащIэ Иуаным и IэдакъэщIэкI зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ «Си гугъати укъысхуейуэ...», «ЛIыжь уэрэд», «КъысхуэмыщIэ къытщыщIар», «ГурыщIэ пэжым уримыджэгу», «Вагъуэбэр уэгум щикъухьащи...», «Ар лъагъуныгъэу си гугъакъым...», «Аргуэру къалъхур зы шэрджэс» жыхуиIэхэр.

Владимир и щIалэ БетIал адэм и лъагъуэм ирикIуащ - ар пшынауэ Iэзэщ, уэрэдусщ, уэрэджыIакIуэщ. НобэкIэ адэм и уэрэдхэр «зэрыпсэум», ар цIыхубэм зэраIэщIэмыхум БетIал и фIыгъи и гуащIи хэлъщ: абы Владимир и уэрэдхэр къигъэщIэрэщIэжурэ, макъамэм хэлэжьыхьыжурэ жеIэ, и усэхэм макъамэ ящIилъхьэурэ дунейм къытрегъэхьэ. Апхуэдэщ «А уи нитIыр», «ФIылъагъуныгъэр щымыIамэ», «Адыгэ хабзэ», «СыIутщ хы Iуфэм» жыхуиIэ уэрэдхэр, нэгъуэщIхэри.





Иуан Владимир прозэ, басня жанрхэми щылэжьащ, жыIэгъуэ шэрыуэхэри и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Абы и тхыгъэхэр щызэхуэхьэсауэ «ФIылъагъуныгъэр щымыIамэ...» (1992), «ЗэIущIэ гукъинэж» (2010) тхылъхэр дунейм къытехьащ.

Иуаным и усыгъэм, и уэрэдхэм я лъабжьэр псэ хуабагъэрщ, лъагъуныгъэрщ. Абы и зы щыхьэт инщ «ФIылъагъуныгъэр щымыIамэ» уэрэдыр.

Иуан Владимир усэ, уэрэдыпкъ ирехъу, рассказ, басня, нэгъуэщI жыпхъэ ит тхыгъэуи щрети, и дэтхэнэ IэдакъэщIэкIри гъащIэм кууэ уезыгъэгупсысщ, гуапагъэ щабэ щIэлъу щыуагъэхэм гу лъозыгъэтэжщ. Ахэр, къанэ щымыIэу, литературэ тхыгъэ нэгъэсам и щапхъэщ, псалъэжьрэ псалъэ шэрыуэкIэ къулейщ, художественнэ Iэмал зэхуэмыдэхэмкIи гъэнщIащ.

И гур зэIухауэ цIыхухэм зэрахэтам, и зэчийм зэрызригъэужьыным сытым дежи зэрыпылъам, ар мыIейуэ зэрызригъэхъулIэфам я фIыгъэкIэ Иуаныр театрыр фIыуэ зылъагъухэми, адыгэбзэм дихьэххэми, гъуазджэр зи щIасэхэми я гум фIыкIэ къинащ. И Iэужь дахэхэр мыкIуэдыжу тхъумэфыну тхьэм жиIэ.

Иуаныр зыхэлэжьыхьа жанр псоми щыщ къызэрыт-хуэмыхьынум къыхэкIыу и усэхэм дыкъытеувыIащи, ди гуапэщ фигу къэдгъэкIыжмэ, щымыгъуазэхэм гунэс фщыхъумэ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

## Усэхэр

* * *

**Сыкъос псы гъунэм, уэ сыплъыхъуэу,
Си нэгум щIэтыр уи сурэтщ.
ГугъапIэ нэхуу сщохъу мы псыхъуэр,
Псы уэр ежэхым сыбгъэдэтщ.**

**Сыхоплъэ псыжьым: заублэрэкIыу,
Толъкъун пIейтейхэр зэрохьэх.
КъысфIощI уи макъыр къыхэIукIыу, -
А макъ дахащэм сыдехьэх.**

**Гур къогуфIыкIыр, бгъэм имыхуэу,
Мо псышхуэр нэкIэ щIызощыкI…
Арыххэу, сфIощIри псым узблихыу,
Укъыхэсхыну соущыкI.**

**АрщхьэкIэ уехь, сыплъэщIэмыхьэу,
Уи макъри сэ зэхэзмыхыж.
ГугъапIэ нэхуу сфIэщIа псыхъуэр
Псыхъуэ къудейуэ къыщIокIыж…**

* * *

**Вагъуэбэр уэгум щикъухьащи,
Нэр темызагъэу хоцIуукI.
Ныжэбэ си гум укъихьащи,
Уи макъыр си псэм къыхоIукI.**

**Си фIэщ мэхъужри узигъусэу,
СыщIэпIейтеймкIэ сыноупщI.
Къызэпиуду си гупсысэр,
Макъ жыжьэм губгъуэр зэпеупщI.**

**Си упщIэр къонэ жэуапыншэу,
Вагъуэбэм хэту солъагъуж…
КъыщIокI жэуапри щыIэу жыжьэ,
Дяку дэлъу уафэр къысщохъуж.**

**Уэ укъонэж си нэгу ущIэту,
Къытпэщылъ гъащIэм согупсыс,
УздэкIуэм сокIуэ уи ужь ситу,
Ауэ дытетщ дэ гъуэгу зырыз…**

* * *

**Ей, артист, артист тхьэмыщкIэ,
ЦIыху псэукIэ лъэпкъ зимыIэ,
ЗэбгъэщIауэ жыпIэм гукIэ
Уэ хыболъхьэ псэуэ уиIэр.**

**Къоплъыр цIыхухэр,
уащыблэкIкIэ,
Уакъыщыхъуу зы бэлыхь,
ЗыхащIэну пIэрэ псэкIэ
Птезыгъэлъыр уэ бэлыхь?**

**Сыту мащIэ уэ къыплъысыр…
ЗумыщIэжу сценэм уитщ.
Уи лIыхъужьыр уэ уопсыхьыр,
Иджы уи псэр абы Iутщ.**

**МащIэ дыдэщ узылъыхъуэр -
ЦIыхухэм я гум унэсам,
Арат уи псэр зыхуэныкъуэр,
Къыплъысынур къыплъысат…**

**Ухуэмейт нэгъуэщI уэ плъапIэ,
ПщIэи щIыхьи упымылът.
Ауэ сыт уэ къыпхужаIэр:
Модэ, феплъыт, мор артистщ!..**

## ЛIыжь уэрэд

**Блэлъэта зэманым сыкъигъэшри,
Щай фIыцIэжьу, сыхыфIидзэжащ,
Дзэ зытIущыр мащIэу зэрызгъэшхыу
Сэ куэбжэпэм сыкъыIунэжащ.**

**Дадэ башыр сэ зыщIэзгъэкъуауэ,
БлэкIа гъащIэр зэIызопщIыкIыж.
ПыIэ къуацэр мащIэу къескъухауэ,
Си пащIэкIэ сыщIогуфIыкIыж.**

**Си щIалэгъуэр псынщIэ дыдэу
блэкIри,
НапIэзыпIэм жьыгъэм сипхъуэтащ.
ГъащIэ дахэр щIэхыу сэ исфыкIри,
Iур щыгъущIэ «къумым» сихутащ.**

**Зэзэмызэ гукъыдэж сэ згъуэтми,
Си ипкI-илъым зыри къимыкIыж.
ЗиIэтыну мы си гущIэр хэтми,
Си лъэр жану сэ схущIэмыкIыж.**

* * *

**Я щхьэр уафэм щIэгъэкъуауэ,
Къуршхэр нартхэу зэбгъэдэтщ,
Нэсрэн ЖьакIэу, жьантIэм кIуауэ,
Iуащхьэмахуэри къахэтщ.**

**Сэ си лъэпкъым и пкъи, и щхьи
А къурш уардэхэм пэсщIынт.
Мис итIанэ хэт и гущхьи
Си гухэхъуэмкIэ згъэнщIынт.**

**А къурш щыгухэм телъ уэс къабзэу,
Лъэпкъ нэмысыр згъэбыдэнт,
Ди аузхэм щыбзэрабзэу
Адыгэбзэр щызгъэIунт…**

## ФIылъагъуныгъэр щымыIамэ…

**И лъабжьэр щIылъэм хэмытамэ,
Жыгышхуэр сытым щIиIыгъэнт.
Дыгъэшхуэр уэгум имытамэ,
ГуфIэу ар сытым хуэгъэгъэнт.**

*Ежьу:*
**ФIылъагъуныгъэр щымыIамэ,
Мы дунеишхуэр мыгъэгъэнт,
Ар цIыхухэм я гум имылъамэ,
ЦIыху насыпыфIи щымыIэнт.**

**Жьапщэр къыкъуэурэ къыхитхъамэ,
И къуэпсыр щIылъэм хэкIуэдэнт.
Е ар губампIэм зэгуитхъамэ,
И щхьэкIэр гъатхэм мыгугъэнт.**

*Ежьу.*

**Уи лъагъуныгъэр мы си гущIэм
Дыгъэу сыт щыгъуи щхьэщытам,
Къыпэлъэщынтэкъым си гъащIэм
Борэни жьапщи зэхэтам.**
*Ежьу.*

## Щикъухьащ адыгэр дунеижьым

# Гусэрыкъуэ Мэхьмуд и IэрыкIхэр



Илъэси 160-рэ хъуауэ ди лъэпкъэгъухэр Тыркум щопсэу, лъабжьэ быдэ щащIауэ. А къэралым и сыт хуэдэ щIыпIэ укIуами адыгэ цIыху уIущIэнущ е ди лъэпкъэгъухэм ятеухуа хъыбар щызэхэпхынущ. Политикэм, экономикэм, егъэджэныгъэм, гъэсэныгъэм, гъуазджэм – сыт хуэдэ IэнатIи адыгэхэр щолажьэ. Сыт хуэдэ Iуэху ящIэми, щытхъу пылъу ягъэзащIэ. СурэтыщI Iэзэу Гусэрыкъуэ Мэхьмуд илъэс зыбжанэ хъуауэ си нэIуасэщ, и IэдакъэщIэкIхэр соцIыху, иджы мызыгъуэгум сыдэуэршэрыну, и хъыбар, и гупсысэкIэр зыхуэдэр къэсщIэну Iэмал сиIащ.

### Калпакджи зэхуэсыпIэр

Гусэрыкъуэ Мэхьмуд сыщыхуэзэн хуей Калпакджи дынэсащ. ШхапIэ, сату щIапIэу щыт унэм адыгэмэ зэрыщыур занщIэу къыбгуроIуэ. Езы Мэхьмуд и IэдакъэщIэкI куэд щIэлъщ абы, и сурэтхэмкIэ дэпкъхэр гъэщIэрэщIащ. Уеблэмэ а IуэхущIапIэм зэзэмызэ щолажьэ.

Калпакджи адыгэ фащэхэр, адыгэ хьэпшып цIыкIухэр щащэ, лъэпкъ шхыныгъуэхэр щагъэхьэзыр. Ди лъэпкъэгъуу Истамбыл дэсхэр куэдрэ щызэхуос абы. Щэхуэн гухэлъ ямыIэми, щызэролъагъу, щызэхэсщ, пшыхьхэр къыщызэрагъэпэщ. НэгъуэщI къэралхэм къикIыу Истамбыл къакIуэ адыгэхэри Калпакджи къыщIэмыхьэу зэи кIуэжыркъым. Апхуэдэу Иорданием къикIа хьэщIэхэр щыIэу дытехуащ дэри. Абыхэм адыгэ фащэ къащэхуну арат.

ЩапIэ-шхапIэр зыгъэпсар убых щIалэщ, Щолэхъухэ ящыщщ, и цIэр Ибрэхьимщ. Ар къыщIыхьэхэм гуапэу япожьэ, адыгэм я хъыбар яхуеIуатэ.

### УщеплъкIэ зыщIар къапщIэу

Гусэрыкъуэ Мэхьмуд сурэтыщIу еджакъым. Мы Iуэхум иужь щихьам и ныбжьыр илъэс 24-м нэсат. Абы быдэу зыхуигъэувыжат и IэдакъэщIэкIхэр цIыхухэм щалъагъукIэ «мыр Гусэрыкъуэ Мэхьмуд ищIащ», - жаIэу къацIыхуу хъуну. ИкIи езым и хъэтI къыхихыжауэ, зыми хэмыгъуэщэну матхэ.

- Пикассо и сурэтхэм ущеплъкIэ къыбгуроIуэ ар абы зэрищIар, - жеIэ Мэхьмуд. - Сэри хэкум къикIа хъыбархэм, си адэжьхэм жаIэжхэм седаIуэ щыхъум, Кавказыр си нэгу къыщIыхьащ, ахэращ сурэтхэр зытесщIыкIри. Мис ахэр ялъэгъуа нэужь, «Мэхьмуд и сурэтщ» жаIэмэ, си гуапэ хъунущ.

### Пхъэ къигъэсыкIыныр щIэдзапIэт

Сурэт щIыным ипэ Гусэрыкъуэр пирографиекIэ зэджэм дихьэхащ. Мы IэщIагъэри жьы дыдэхэм ящыщщ. Пхъэр кърагъэсыкIыу сурэт традзэным хуэIэзэу дунейм куэд теткъым, ди лъэпкъэгъу сурэтыщIыр ар зыхузэфIэкIхэм ящыщ зыщ. Иджы Мэхьмуд пхъэ къигъэсыкIынымкIэ дерсхэр Тыркум щрегъэкIуэкI. Езыр-езыру зигъэса пэтми, а Iуэхум хуэшэрыуэ хъуащ. Абы и лэжьыгъэхэм нэр ятхьэкъуу дахэщ.

Илъэс 29-рэ хъуауэ щIалэр пирографиеми (бжьакъуэ гъэщIэрэщIам) яужь итщ. ГъэщIэгъуэнракъэ, зригъэгъуэта IэщIагъэмкIэ егъэджакIуэщ Мэхьмуд икIи абы иролажьэ. Сурэт щIыныр фIыуэ илъагъу, дэзыхьэх Iуэхуу аращ. Сэ си кIуэгъуэм ирихьэлIэу Улапэ бжьакъуэр сурэту ищIын иригъэжьат.

- Уэ хэкум укъикIри, Истамбыл укъэкIуащ, сэ мыр сощI - зы Iуэхум дызэхуишауэ жыпIэ хъунущ, - жеIэ Мэхьмуд. – Уэ сыпхуэзэн щыхъум, Мейкъуапэ къикIыу дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа бжьакъуэ гъэщIэрэщIар сщIыну мурад сщIащ.

### ХьэщIэщ хъыбархэр

Мис апхуэдэу дахэу къыспежьащ ди лъэпкъэгъу сурэтыщIыр. Адыгэ лъэпкъым и тхыдэр, щэнхабзэр, хабзэр илъагъуу, зэхихыу къэхъуащ Гусэрыкъуэр, и сабиигъуэм щегъэжьауэ а псори зыхилъхьащ. Пэжуи, апхуэдэу къэхъуа щIалэм нэгъуэщI гупсысэкIэ иIэнкIэ Iэмал иIэтэкъым.

Залымыгъэкiэ зи хэку зрагъэбгына адыгэхэм ящыщащ Мэхьмуд и адэшхуэм и адэр. Абы Тыркум и Узун-Яйлэ щIыналъэм щыIэ Къайсэр къалэм къедза зы къуажэ псэупIэ хуэхъуащ. Аращ езы щIалэри къыщыхъуар, щапIар. Иджы илъэс 22-рэ хъуауэ Истамбыл щопсэу, ауэ и цIыкIугъуэм зэхихауэ лъым хыхьар кIуэдакъым.

- Си адэшхуэм и адэжращ мыбы къэкIуар, ар ЛIыпIийхьэблэ дэтIысхьауэ щытыгъащ. Хьэжы Гусэрт абы зэреджэр, – къысхуеIуатэ Мэхьмуд я унагъуэм и хъыбар. – Си адэжьхэм хэкум щхьэкIэ жэнэт жаIэрт, ар сэ си тхьэкIумитIкIэ зэхэсхащ. Уэрэдхэр жаIэу, хъыбархэр къаIуатэу хьэщIэщым щIэсу зэрыщытар сощIэж. Хэкуми исщ ди унэкъуэщхэр, Тэуехьэблэ щопсэу. Гусэрыкъуэ Хъызыр соцIыху, дызэхуэзауэ щытащ.

Зэрытхэм хуэдэурэ Мэхьмуд апхуэдэ хъыбархэр къеIуатэ. Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ щыхъу гъэм Мейкъуапэ къэкIуауэ щытащ ар. Абы щыгъуэм ящIа гъэлъэгъуэныгъэми хэтащ. Зи адэжь хэкур зылъагъуну зи насып къихьа щIалэгъуалэ закъуэтIакъуэм ящыщщ.

Иджы адыгэхэр дызэIущIэну, дызэхыхьэну Iэмал диIэ зэрыхъуар жеIэри, игу къеуэри къыдыщIегъуж Мэхьмуд, ар я нэхъыжьхэм апхуэдизу я нэ къызыхуикI хэкур ямылъагъуу, я хъуэпсапIэр зрамыгъэхъулIэфу дунейм зэрехыжарщ. Ар къыщиIуатэкIэ, Мэхьмуд и нэпсыр къыфIыщIокI.

### ХъуэпсапIэ

Гусэрыкъуэ Мэхьмуд и IэдакъэщIэкI псоми ящIэлъыр лъэпкъ гупсысэрщ. ХьэщIэщхэм щызэхиха хъыбархэр иджы тхылъымпIэ напэм трещIыхь. Сурэтхэм ущеплъкIэ, зы лъэныкъуэкIи дахэу, щхъуэкIэплъыкIэу уаIуоплъэ, ауэ итIани фIыцIафэ-яжьафэу лъэпкъым къикIуа гъуэгуанэ хьэлъэр къаIуатэ.

Сурэтыр щIын иуха нэужь, Гусэрыкъуэхэ я лъэпкъ дамыгъэр трегъэувэ лэжьыгъэм. АбыкIэ занщIэу къащIэнущ ар Мэхьмуд и Iэдакъэ къызэрыщIэкIар.

Мэхьмуд и лэжьыгъэхэм я закъуэ Тыркум щагъэлъагъуэ, и IэдакъэщIэкIхэм щыщ музейхэм щIэлъщ. Иджыблагъэ абы и гъэлъэгъуэныгъэ щекIуэкIащ Бодрум. А къалэр зыгъэпсэхупIэ нэхъ цIэрыIуэхэм ящыщщ, абы къыхэкIыу ди лъэпкъэгъу сурэтыщIым и IэдакъэщIэкIхэр нэгъуэщI къэралхэм къикIа куэдым ялъэгъуащ.

Сурэт имытхыу зы махуи дигъэкIыркъым Гусэрыкъуэ Мэхьмуд. Абы зы хъуэпсапIэ иIэщ, шэч хэмылъуи, ар и хэкум епхащ.

- Хэкум си лэжьыгъэр щыIэну сыхуейщ, зы музей цIыкIу нэхъ мыхъуми щызгъэпсыну сыщIохъуэпс. Ари Тхьэм жиIэмэ, къыздэхъунщ, - жеIэ абы.

Мис апхуэдэу зэчиифIэхэу, я лъэпкъым хуэпэжхэу, я хэкум и хъыбар, и тхыдэ яIуатэу, адыгэм и цIэр фIыкIэ ягъэIуу исщ Тыркум ди лъэпкъэгъухэр.

**ГЪУКIЭЛI Сусанэ**,
*АР-м щIыхь зиIэ и журналисткэ.*



# Мамлюкхэм я щIэблэ

**«Адыгэ хэхэс литературэр», ди щIэныгъэлIхэми къызэралъытэщи, зэрытха бзэм темыщIыхьауэ, адыгэ литературэм и зы Iыхьэщ. Апхуэдэ тхакIуэ нэхъ цIэрыIуэу щытахэм ящыщщ Мысырым (Египет) щыпсэуа тхакIуэ Юсеф ас-Сибаи.**

АДЫГЭ мамлюкхэм къатепщIыкIыжа литератор цIэрыIуэ Сибаи Мухьэмэд и унагъуэм 1917 гъэм къралъхуащ Юсеф. ЩыцIыкIум къыщыщIэдзауэ ар дихьэхауэ еджэрт урыс, Къухьэпiэ къэралхэм я классикхэм я IэдакъэщIэкIхэм. Илъэс пщыкIуплI щрикъум ар адэншэу къэнащ. Апхуэдэу щыхъум, мурад ищIащ и гъащIэр дзэм ирипхыну икIи абы пыщIа еджапIэ щIэтIысхьащ. Ар къиуха нэужь, мамлюк нэсхэм ещхьу, шуудзэм хыхьащ, иужькIэ, танкыдзэм зритыжащ.

1952 гъэм, революцэр къэхъеиным куэд имыIэжу, ас-Сибаи ягъэув дзэм и музейм и нэхъыщхьэу, итIанэ Мысырым и танкыдзэхэм я унафэщIым и къуэдзэу. Литературэмрэ гъуазджэмрэ ехьэлIа Iуэхухэмкiэ щыIэ Хасэм и генеральнэ секретару ар хахауи щытащ 1956 гъэм, илъэситI дэкIри Азиемрэ Африкэмрэ я къэралхэм я зэакъылэгъуныгъэм и организацэм и генеральнэ директору ягъэуващ икIи дунейм ехыжыхункIэ а къулыкъур иIыгъащ.

Президент Насер и лъэIукIэ ас-Сибаи илъэс зыбжанэкIэ и унафэщIу щытащ Мысырым щэнхабзэмкIэ и министерствэм. Жылагъуэ лэжьыгъэхэмкIэ гъэнщIауэ щытащ тхакIуэ Iэзэм и гъащIэр: ар ящыщт тхакIуэхэм я союзрэ новеллэтххэм я клубрэ къызэзыгъэпэщахэм, я редактор нэхъыщхьэт АРЕ-м и тхакIуэхэм я союзым къыдигъэкI «Ар-Рисалэ альДжадидэ», афроазиат тхакIуэхэм я Бюро сыт щыгъуи лажьэм и «Лотос» журнал цIэрыIуэхэм. Ас-Сибаи зы зэман пыухыкIакIэ апхуэдэу и редактор нэхъыщхьэу щытащ Каир къыщыдэкI «Ахар саа» журналым.

1947 гъэм Каир къыщыдэкIащ Юсеф и новеллэхэр щызэхуэхьэса «НэкъыфIэщIхэр» тхылъыр. Абы ипэкIэ 1933 гъэм къыщыщIэдзауэ и тхыгъэхэр яриту щытащ Мусэ Сэлам къыдигъэкI журналхэм. Юсеф ас-Сибаи и Iэдакъэ къыщIэкIащ тхылъ 50-м щIигъу, публицистическэ тхыгъэ куэд. Роман къудейуэ иIэр 20-м нызэрохьэс. Юсеф и тхыгъэ нэхъыфIхэу къалъытэ революционнэ романтизмкIэ псыхьа романхэу «Си гур къызэтыж» (1955), «Гъуэгу къэзыгъэзэж» (1958) жыхуиIэхэр, иджырей гъащIэм теухуа романхэу «Дэ ди закъуэкъым» (1969), «ГъащIэр напIэдэхьеигъуэщ», «Дэ банэ тсэркъым» (1973), нэгъуэщIхэри. «Си гур къызэтыж» романыр езы тхакIуэм и гъащIэм триухуащ. Абы къыщыгъэлъэгъуащ 1952 гъэм революцэр къыщыхъеину лъэхъэнэм мысыр офицерхэм я дуней еплъыкIэр зыхуэдар. «Гъуэгу къэзыгъэзэжыр» топсэлъыхь япэ хьэрыпжурт зауэу 1948 гъэм екIуэкIам. «ФитIнэ лъапсэ» романыр (1949) – ас Сибаи и япэ тхыгъэшхуэр – теухуащ 1952 гъэ революцэм ипэкIэ мысырлыхэм я гъащIэм и лъэныкъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм.

УрысыбзэкIэ къыдэкIам и пэублэ псалъэм мыпхуэдэу щыжиIащ Юсеф: си романыр стхащ Мысырыр колонизаторхэм я лъэгудыгъуэм щыщIэгурымыхь, лъэпкъ, социальнэ гъэпщылIыныгъэхэм я лIэужьыгъуэ щIэгъэщхъуэжахэм щагъэгуIэ, кIэ зимыIэ гъэпщылIыныгъэм щитхьэлэ лъэхъэнэм; мысырлыхэр я щхьэхуитыныгъэм щIэзэууэ лъы щагъажэ, хуитыныгъэм, щIакхъуэ Iыхьэм, къэщIэрэщIэныгъэм, мамырыгъэм щыщIэбэн зэманым».

УрысыбзэкIэ зэдзэкIауэ Юсеф и тхыгъэ зыбжанэ традзащ ди деж къыщыдэкI (1917-1978) «Иностранная литература», «Огонёк» журналхэм. Мэзкуу, Ташкент, Ленинград тхылъ тедзапIэхэм дунейм къыщытехьащ «Псызехьэр лIащ», «ФэрыщIыгъэм и щIыналъэ», «Дэ банэ тсэркъым» романхэмрэ рассказхэр щызэхуэхьэса «ЦIыху угъурлыщэхэр» тхылъымрэ.

## Гупсысэр-псалъэкIэ




# Бзэмрэ хабзэмрэ

Дэ, адыгэхэм, тхъумэну нэхъ дызыхущIэкъу псалъэхэм ящыщщ мы псалъитIыр. ТIуми щхьэхуэ-щхьэхуэу утепсэлъыхь хъунущ.

**Бзэ**. ЦIыхухэр дызэгурыIуэн папщIэ зетхьэ макъ гурыIуэгъуэхэращ. Бзэр макъ къудейуи зетхьэркъым. ТхыгъэкIи, хуэдгъэфащэ тхыпкъхэр фащэ яхуэтщIри, къэдгъэлъэгъуэн щIэддзащ.

Тхьэбзэ иралъхьэу, тхыпхъэ ящIу жыдоIэ. Сыт а псалъэхэм къикIыр? Ижь-ижьыжьым, цIыхухэм псэущхьэ инхэм зыщахъумэф псы Iуфэхэм Iухьэф хъуауэ, егъэзыпIэ яухуа нэужь, нэхъ зыпэлъэщ псэущхьэ цIыкIухэр ягъасэу щIадзащ. Мы псэущхьэхэр Тхьэм и фIыгъэкIэ къаIэщIыхьауэ, яхуэбэгъуауэ ялъытэрт. Зы щIыпIэм щыпсэухэм яхуэбэгъуа мэлхэр зэхэмыгъуэщэн папщIэ, я тхьэкIумэ къуапэр зы бзэу дабзыкIыу щIадзащ. Псори зей, къэзыгъэщIам и цIэкIэ дабзыкIати, «тхьэбзэ» хъуащ. Нобэ къэсауэ зыдохьэ а псалъэр.

**Тхыпхъэ**. БгъуэнщIагъым щыщIэсам щыщIэдзауэ, цIыхухэм ялъэгъуахэр, я гурыгъу-гурыщIэхэр блынхэм, мывэхэм тратхэу къэгъуэгурыкIуащ. Зы бзэ яIэу а лъэхъэнэ псэукIэр къаIуатэрт абыхэм. КъэхутакIуэ, тхыдэ щIэныгъэлIхэм тхыпхъэм и бзэр къахутэфащ. Нобэ а псалъэр гъуазджэм къыщагъэсэбэп.

**Хабзэ**. ЗэкIужу, зыкIэлъыкIуэу зэрихьэ бзэр хабзэ хуэхъуащ лъэпкъым. Зыхуигъэфащэ щыIэкIэмрэ щытыкIэмрэ хабзэ фIищащ.

Адыгэ лъэпкъыр хэмыкIуадэу зыгъэпсэунур бзэмрэ хабзэмрэщ! Зепхьэмэ, ууейщ! Зомыхьэмэ, къозытам пIихыжынщ!

**ТОКЪМАКЪ Айдын**.

*НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар* **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ**.




● ЖыIэгъуэхэр

# Гъуджэ иплъэ псоми залъагъуужыркъым

- ♦Гъуэгу мыгъуэ техьэнур вакъэ хуэныкъуэкъым.
- ♦Гъуэгу мыгъуэ щхьэкIэ гъуэмылэ къыздащтэркъым.
- ♦Гъуджэ иплъэ псоми залъагъуужыркъым.
- ♦Гъунэ иплъамэ, хьэсэкуми унэсынщ.
- ♦Гъусэ ящIынум дэс щIыкIэ йоджэ.
- ♦Данэм хэсу псэуами, кърашэкIыр чэсейфэхущ.
- ♦Дахэ зыхэзагъэми хуэсакъыпхъэщ.
- ♦Дахэ зыхэмызагъэр екIэ псыхьащ.
- ♦Дэгу и нэ жанщи, нэфыр тхьэкIумафIэщ.
- ♦Дэгъэзеигъуэм щIащIар егъэзыхыгъуэми щIатIыкIыркъым.
- ♦Делэ и пыIэ акъылымэ щыуркъым.
- ♦Делэ лIыкIуэ зыщIу зи Iуэху дэкIри мащIэкъым.
- ♦Делэм зигъэгубзыгъэмэ, губзыгъэр фIэделэщ.

КIЭРЭФ Хьэсэнбий.

● Прозэу тха усэ

# Номинымрэ профессорымрэ

Номиныр гъуэгущхьэм тест, хэт блэкIми зыпищIыжу.

БлигъэкIырт, зыпищIыжырти, - цIыхухэр игъэдыхьэшхырт.

Зыгуэр къэувыIэри, къеущийуэ щIидзащ.

Зыри къикIакъым.

Гъуэгу щыхъукIэ, цIыху блэкIынтэкъэ. Къэсыр блэкIырт. Хэт блэкIами, номиным абы зыпищIыжырт. Ар зылъагъухэри дыхьэшхырт.

Абы хэту портфелышхуэ иIыгъыу зы лIыжь къэсри, ари блэкIащ. Номиным абыи зыпищIыжу щыщIидзэм, нетIэрейр къэпсалъэри:

- Уэ пщIэрэ ар хэтми? - жиIащ.

- Ар зи хэтым сэ сыткIэ сыхуэныкъуэ! - мэдыхьэшх номиныр.

- Ар профессорщ. Абы уэ ущIэнэкIэн дэнэ къэна, жиIэр къыбгурыIуэн папщIэ, быдэу уегупсысын хуейщ.

- Уа, - жи номиным, - фыделэщ фэ, цIыхухэр.

- СыткIэ? - егъэщIагъуэ лIым.

- ФызэмылIэлIапхъэ куэдым фолIалIэ.

Зыгуэр къыбгурыIуэн папщIэ абы уегупсысын хуейщ, узэрегупсысыни уиIэпхъэщ; ауан пщIын щхьэкIэ - а псом ущIыхэтынур сыт!

**КЪЭЖЭР Хьэмид**.

● Шхыныгъуэхэр



## Зэрыджэ гъэва

Зэрыджэ тхьэщIар кIэструлым иракIутэ, псы тIэкIу щIакIэри, пэшхьэкум трагъэувэ. МафIэ цIыкIум тету дакъикъэ 15-20-кIэ, псыр щIэвэщIэху, ягъавэ, итIанэ хьэкум къытрахыж, зэрыджэр кхъузанэм иракIутэри, зэIащIэурэ и псыр къыщIаху.

Зэрыджэпсыр кIэструлым иракIэж, хьэкум трагъэувэжри, сыхьэти 5 - 6-кIэ ягъавэ. Абы иужькIэ фо халъхьэри, аргуэру сыхьэтитI-щы нэблагъэкIэ ягъавэ. Пэшхьэкум къытрахыж, ягъэупщIыIу, абджым е кхъуэщыным иракIэри, и щхьэр гъэбыдауэ щIыIапIэ-кIыфIыпIэм ягъэув. Хуабжьу витамин куэд хэлъщ.

***Халъхьэхэр:*** зэрыджэу - г 1000, фоуэ - г 500, псы гъэва упщIыIужауэ - г 100.



## Фо иту гъэжьа къэб

Къэб цIынэр фо зракIэм ещхьу ягъэхьэзыр, фор зэриту тебэкIэ хьэкулъэм ирагъэувэри, тхъуэплъ дахэ хъуху ягъажьэ. Хьэзыр хъуар тепщэчым иралъхьэри, IупщIэ-IупщIэурэ яупщIатэ. Шэ щIыIэ и гъусэу пщтыру яшх.

Узыншагъэмкiэ, псом хуэмыдэу зи кIуэцI узхэм я дежкIэ, сэбэпышхуэщ. Сабийхэми яфIэфIщ.

**КЪУБАТИЙ Борис**.



● Псэущхьэхэр

# Губгъуэ бжэн

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэхэм ущрихьэлIэнущ, ауэ ар нэхъыбэу здэщыIэр тафэу щыт губгъуэшхуэхэрщ. И кIыхьагъыр сантиметр 80-м, и хьэлъагъыр килограмм 40-м нос.

Дунейм и щытыкIэм елъытауэ, и псэукIэри ехъуэж: гъэмахуэм нэхъ ищхъэрэ хъупIэхэм макIуэ, щIымахуэм ипщэкIэ къыдокIуеиж. Илъэси 150-рэ ипэкIэ губгъуэ бжэнхэр куэду ди щIыпIэм щыпсэуащ. ЩIымахуэ щIыIэр егъэлеяуэ къатохьэлъэ, а лъэхъэнэр ирамыхыфу щызэтелIэ щыIэщ.

Губгъуэ бжэнхэр щакIуэхэм щымысхьу зэтраукIауэ щытащ. Иужьрей илъэсхэм абыхэм я бжыгъэм хагъэхъуэжащ, пIалъэ хэхакIэ ещэкIуэнуи хуит ящI.

# Едзыгъуэхэр

Псоми дзы яфIэпщу
къоджэдыхьри,
Уи щхьэ нэхъ лъагэу уи
гугъэжщ.
Сигу ныпщIогъур, пщIэншэу
гугъу зогъэхьри,
КхъыIэ, хъунум, гъуджэм
зэ иплъэж!

* * *

Уо, хъыджэбз щагуэшым
щыгъуэ дахагъэр,
Уэрати нэхъ Iыхьэфlыр
зылъысар!..
Ауэ щытрагуэшэжым
Iэдэбагъыр,
Дэнэ къуагъ, гущэт,
уэ уздыкъуэсар?

* * *

Ер вы бжьакъуэм имылъамэ,
Гуауэ нэпс къикIынт?
Зэбий дунейм темытамэ,
Гъыбзэр тхыдэм хэкIуэдэжынт.

* * *

Ней-нэфIкIэ къулыкъу тIэкIу
къуатащи,
Уи Iумэтым итхэр уогъэгъуэг, -
Ху цIыкIуитI зэгъусэу уи джийм
ехащи,
Пщагъэ пшхам хуэдэу
зогъэбэг.

**ДУДАР Хьэутий**.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Яжьэжь щIаха къыщIэпхьэжкIэ ... хъужыркъым. **3**. Гунэс ... саугъэт умыщI. **7**. Къэзыхь зышхыж бей .... **8**. Жэмым ... и гъэшщ. **10**. ... мысрэ псы мывэрэ щыIэкъым. **12**. Емызэш мэшыбэ .... **13**. Нэгум щIэлъыр лъэгум ... **16**. ... щыкъун и пщIыхьщ. **19**. Емыкъум еплъи дэзышым ... **20**. Зы ... тIэу къакIуэркъым. **21**. Жэм лъакъуэ ... иукIрэ? **23**. Лъакъуэ зышхыр ... шхыгъуи йохуэ. **25**. Зи щхьэ Iуэху зыхуэмыщIэжыр ... Iуэхукiэ ерыщщ. **26**. Мащэм зэ ... набгъэщи, тIэу ... нэфщ.

***Къехыу:*** **2**. ... зыдэсым фо дещIэ. **4**. Мывэ къуршым ... трасэркъым. **5**. Гъатхэ дыгъэ си нысэ типси, бжьыхьэ дыгъэ ... типсэ. **6**. Гъэмахуэм гупкIэ жьауэри ... **7**. ЗэгъунэгъуитI я ... бжыкIэ зыкъым. **9**. И Iуэху зыхэмылъым и бэлагъ ... **11**. ... техуэр жьэм жеIэф. **14**. Зэманым ... лIыфIщ. **15**. Анэ шыпхъу анэ палъэщи, адэ ... адэ палъэщ. **17**. ... нэпцIыр щхьэгъэпцIэжщ. **18**. Дзыгъуибгъу зэдеIэмэ, кхъуей кIадащхьэ ... **22**. Шылэм и ... зеукIыж. **24**. Хамэ ущие тхьэмахуэщ, хабзэ ... махуищщ.

*Зэхэзылъхьар* **БИЦУ Жаннэщ**.

***ЩэкIуэгъуэм и 18-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Къудан. **5**. Согуэ. **7**. Цей. **8**. Бэгу. **10**. Бакъ. **12**. Армавир. **15**. Ажэ. **16**. ХущIэ. **17**. Бжьы. **21**. Ерыщ. **22**. Журт.

***Къехыу:*** **1**. Дорбэ. **3**. Нэ. **4**. Уае. **5**. Сэ. **6**. Гудзакъэ. **9**. Гуартэ. **10**. Бзииху. **11**. Къаз. **13**. Батыр. **14**. Фэлъыр. **18**. Жьым. **19**. Ущ. **20**. КIуж.

● Фэ фщIэрэ?

# ХьэщIэ баш

Адыгэхэм я хьэщIэ гъэхьэщIэкIэм ехьэлIауэ пасэм щыгъуэ щыIа хабзэхэм щыщщ.

Ипэ зэманым ефэ-ешхэ кIыхьхэр зращIэкI хьэщIэхэр пщыжь-уэркъыжьхэм къахуеблагъэу щытащ. Iэнэм пэрысхэм я жыIэ ягъэзащIэу жыхафэгум тетын хуейт пщылI щIалэ зыбжанэ. Ефэ-ешхэр сыт хуэдизу кIыхьлIыхь мыхъуми, IуэхутхьэбзащIэхэр зэрахъуэкIи ягъэтIыси хабзэтэкъым. ЩIалэхэр ешмэ, зытрагъэщIэну е я бгъэм щIэгъэкъуауэ ирищытыну, баш зыщыплI хьэщIэщ бжэкъуагъым къуагъэтт. Апхуэдэхэм «хьэщIэщ башкIэ» еджэрт.

Хъыбархэм къазэрыхэщыжымкIэ, хьэщIэщ башкIэ ерыщу щытащ Анзорхэ. Щхьэгъэрытыным ехьэлIа хабзэри абыхэм ткIийуэ ягъэзащIэрт.

Хабзэри бжэкъуагъ башри пщылIыгъэр щытрахыжа лъэхъэнэм дэкIуэдыжащ, ауэ «хьэщIэщ башым» къытекIа псэлъафэ куэд ди бзэм къыхэнащ.

● ГушыIэр

## ПщIыхьэпIэ

Хъуэжэ Iэзэм деж кIуэри жриIащ:

- ЩIэрыкIуэ згъажьэу сепщIыхьащ, сытым хуэпхь хъуну?

- Ар бжесIэн щхьэкIэ, джэд фIыцIэ сыхуей хъунущи, уи пщIантIэм дэт джэдым щыщ зы укIи къысхуэхь, араншауэ схузэхэгъэкIынукъым уи пщIыхьэпIэр, - къыжриIащ Iэзэм.

Хъуэжэ и щхьэм щIэтIэхъуащ:

- Си пщIантIэм джэд дэтатэмэ, щIэрыкIуэ згъажьэрэт, - жиIэри.

**МАХУЭ Iэлисэхь**.



● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

# Гъуазджэмрэ макъамэмрэ щызэхэухуэна пшыхь

**Налшык къалэм Щэнхабзэ зыужьыныгъэмкIэ и центрым къыщызэIуахащ «Дыгъэм хуэкIуэ гъуэгу» гъэлъэгъуэныгъэр. Абы щыфлъагъунущ Къуэдзокъуэ Еленэ и Iэдакъэ къыщIэкIа лъэпкъ дамыгъэхэр.**

КъБКъУ-м декоративно-прикладной гъуазджэмкIэ и факультетыр къэзыуха Къуэдзокъуэ Еленэ и лэжьыгъэхэм хухаха япэ гъэлъэгъуэныгъэщ мыр. НэхъапэIуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Тыркум щекIуэкIа гъэлъэгъуэныгъэхэм хагъэхьауэ щытащ и IэдакъэщIэкIхэм щыщ.

Еленэ зэрыжиIэмкIэ, зэрыцIыкIурэ дыгъэ теплъэ зиIэ уагъэхэм дахьэх. IэпщIэлъапщIэм къызэрилъытэмкIэ, абыхэм гупсысэ ящIэлъщ: гъащIэри, лIэныгъэри, дунейм и къэхъугъэхэри щызэпыщIащ.

Ижь-ижьыж лъандэрэ лъэпкъым къыдекIуэкI IэщIагъэ дахэр къэгъэщIэрэщIэжэнымрэ абы зегъэужьынымрэ и къарурэ зэфIэкIрэ хилъхьэми, Еленэ зи ужь ихьэ Iуэху дахэхэм, лэжьыгъэ щхьэпэхэм хуэзыгъэушыр, дэрэжэгъуэ къезытыр фIыуэ илъагъу, и адыгэ лъэпкъырщ. IэрыщI гъуазджэм теухуа щIэныгъэр зэрыгъунапкъэншэрщ абы еш имыщIэу и зэфIэкIым щIыхигъахъуэр, щIэхэр къыщIигупсысыр. Абы щIэблэр къыхуреджэ а IэщIагъэ дахэр и пэкIэ ягъэкIуэтэну, ди тхыпхъэ, дамыгъэ дахэхэр щIалэхэми хъыджэбзхэми ямыгъэкIуэдыжу Iэмал яIэху къагъэсэбэпыну.

Мы Iуэхум зыкъризыгъэхьэлIахэм я нэгу зрагъэужьащ адыгэ уэрэдыжьхэр зыгъэзэщIа артистхэу Мэршэнкъул Астемыррэ ХьэцIыкIу Баширрэ. Гъуазджэри макъамэри щызэхэухуэна пшыхьыр щIэщыгъуэ хъуащ.

Лэжьыгъэхэм псэгъэгуфIэ-дахагъэ зэрахэплъагъуэр гур хэзыгъахъуэщ икIи гуапэщ. Зи IэщIагъэмрэ щIэныгъэмрэ лъэпкъым и щэнхабзэм, макъамэм, литературэм, гъуазджэм я зыужьыныгъэм зэрыхуагъэлажьэм папщIэ фIыщIэ яхуэфащэщ зи гугъу тщIа щIалэгъуалэм.

Гъэлъэгъуэныгъэм дыгъэгъазэм и 10 пщIондэ феплъыну Iэмал фиIэщ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Ди зыгъэпсэхупIэхэр нэхъ къыхах

***2023 гъэм и япэ мазибгъум къриубыдэу къэралым и щIыналъэхэм я санаторэхэм, цIыхухэм я узыншагъэм щыкIэлъагъэплъ, зыщагъэхъуж зыгъэпсэхупIэхэм я хэхъуэ Iуэхухэр зэрыдэкI щIыкIэхэр иджыблагъэ къипщытащ «Санатории-России.РФ» интернет-порталым.***



АБЫ къызэрибжамкIэ, дызэрыт илъэсым зэрыщIидзэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и санаторэхэм я хэхъуэр процент 53-кIэ нэхъыбэ хъуащ, ахъшэкIэ къэбгъэлъагъуэмэ - сом мелуан 427-рэ. Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм ящыщу Ставрополь крайм иужькIэ ди республикэрщ зи Iуэхухэр абы и лъэныкъуэкIэ нэхъ дэкIыр.

Къэбгъэлъагъуэмэ, зэпалъыта зэманым КъБР-м и санаторэхэм зыщагъэпсэхуащ, я узыншагъэр щызэтрагъэувэжащ цIыху мин 34-м нэблагъэм икIи ар процент 73-кIэ нэхъыбэщ нэгъабэ и иджы хуэдэ зэманым щыIа бжыгъэхэм нэхърэ. Нэгъабэ къыщыщIэдзауэ путёвкэхэм я уасэми кIэрыхуащ процент 12 икIи ахэр къыпхуэщэхунущ ику иту сом мин 13-м нэблагъэкIэ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# Бекъул Миланэ и хъуэпсапIэм лъэIэсыну!

● Тхэквондо

***Нобэ зи гугъу фхуэсщIынур адыгэ бзылъхугъэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыяпэу тхэквондомкIэ (ВТФ, Олимп джэгухэм хохьэ) Урысей Федерацэм и чемпион мы гъэм хъуа, дунейпсо классымкIэ спортым и мастер (ари ди деж щыяпэу) Бекъул Миланэщ. Ар къэралым и командэ къыхэхам хэтщ, и хьэлъагъ елъытауэ зыкъыщигъэлъагъуэ килорамм 46-рэ хъу гупым я деж бжьыпэр щиIыгъщ.***



АДЫГЭ пщащэ цIыкIум тхэквондом щиIэ ехъулIэныгъэхэм уатепсэлъыхьын щIэбдзэмэ, зэрыжаIэу, махуэ псо пхутебгъэкIуэдэнущ. Медалрэ кубокыу Миланэ иIэр щэ бжыгъэм зэрынэхьэсащ. Адрей илъэс блэкIахэмкIэ сымыIэбэжу, мы гъэ къудейм дунейпсо утыку абы щыхузэфIэкIахэр къыхэзгъэщынщ, ди къэралым щекIуэкIа, езым нэхъ къызэрыгуэкIыу къилъытэ зэхьэзэхуэхэм я гугъу сымыщIу. АтIэ, Африкэм щыIэ Сенегал къэралым и къалащхьэ Даккар бадзэуэгъуэм щекIуэкIа «Гран-при» зэхьэзэхуэм япэ щыхъуащ, абы иужькIэ хэтащ Франджым и къалащхьэ Париж и «Гран-при» зэпеуэм, иужькIэ къихьащ УФ-м и чемпионатыр, а псом ищIыIужкIэ дызэрыт мазэм, щэкIуэгъуэм, къэралым и командэ къыхэхам хэту Белоруссием и «Кубок зэIухам» щытекIуащ. Езы хъыджэбз IэмащIэ-лъэмащIэ цIыкIур щыплъагъукIэ, апхуэдэ къарурэ ерыщагъэрэ абы къыкъуэкIыну фIэщщIыгъуей хуэдэу къыпщохъу. Зэхьэзэхуэхэм абы къыщыпэщIэтхэр зы щхьэкIэ нэхъ лъагэщ, ауэ абы щхьэкIэ къанэркъым ахэр хигъэщIэн. Европей къэралхэм зыкъыщыщигъэлъагъуэкIэ, «танк цIыкIу» къыхужаIэ Миланэ, абы и хьэрхуэрэгъухэр зэкIэлъыкIуэу утыкум зэририхыр ялъагъури.

Тхэквондом зэрыхыхьам, а спорт лIэужьыгъуэр къыщIыхихам теухуауэ Миланэ жеIэ: «Илъэсибл сыщыхъум сэ сщIэрт тхэквондор зищIысыр. Зэгуэрым телевизорымкIэ сеплъат зэхьэзэхуэр зэрекIуэкIым, ди спортсменхэр зэрагъэпажэм икIи къызгурыIуащ сэ абы нэмыщI нэгъуэщI спорт лIэужьыгъуэкIэ зызгъэсэну сызэрыхуэмейр. Къафэми художественнэ гимнастикэми сахуеплъэкIыжакъым абы иужькIэ. Мурад сщIащ тхэквондом зыхуэзгъэсэну икIи ехъулIэныгъэхэр зыIэрызгъэхьэну. СыщIэхъуэпсырт утыкушхуэм ситу си цIэкIэ къэрал гимныр къеуэу зэхэсхыным», - жеIэ Миланэ.

Хъыджэбз цIыкIур абы теухуауэ и анэ Анжелэ ечэнджэщащ, и гурылъхэри хуиIуэтащ. Анэми ар зэхищIыкIащ икIи тригъэгушхуащ. Арати, зыщагъэсэн щIыпIэрэ тренеррэ къалъыхъуэн щIадзащ. Анэм къызэхикIухьащ спорт клубхэр, щIэупщIащ, зригъэщIащ Iуэхум теухуауэ зыхуеину-зыхуэныкъуэнухэм. Куэди дэмыкIыу, хъыджэбз цIыкIум къыхуагъуэтащ тренер хъарзынэ - Бэлахъуэ Iэдиихху. А бзылъхугъэм езыми ехъулIэныгъэфIхэр щиIэт тхэквондом, и цIэр мызэ-мытIэу лъагапIэшхуэхэм щыIуат.

Арати, Миланэ къыхуэгъэсыртэкъым и япэ тренировкэр, утыкум къыщихьэну махуэр. Ещанэ махуэм хъыджэбз цIыкIур и гъусэу зызыгъасэ гуэрым пэщIагъэуващ, спарринг драгъэщIыну. Ар абы щыгъуэ ерыщу, къимыкIуэту, мыдэ, игъащIэ лъандэрэ тхэквондом хэтауэ фIэкIа умыщIэну зыкъигъэлъэгъуати, тренерым ар хьэлэмэт дыдэ щыхъуат, икIи жиIат, Миланэ утыкум къипшэу бгъэзауэ хъуным зэрыхуэхьэзырыр. За мазэ нэхъыби зимыгъэсауэ, зэхьэзэхуэм здашэри, абы япэ увыпIэр къыщихьащ. Абы лъандэри Миланэ къалэн зыщищIыжащ япэ увыпIэм нэхъ лъахъшэ къемыхыну. Бэлахъуэ Iэдиихху и деж зэрыщыIа илъэсрэ ныкъуэм къриубыдэу дыщэ медаль фIэкIа зыри къиихьакъым абы. Ауэ, ар зыхэта тхэквондо спорт лIэужьыгъуэр (ГТФ) Олимп джэгухэм хыхьэртэкъыми, ар къигъэнэн хуей хъуащ. Сыту жыпIэмэ, Бекъулым и плъапIэр Олимп джэгухэрщ.

Абдежми, Миланэ и анэ Анжелэ къыкъуэуващ икIи къилъыхъуэн щIидзащ тхэквондомкIэ Олимп джэгухэм хыхьэ лIэужьыгъуэм щыхуагъасэ щIыпIэр. Куэд мыщIэуи ахэр яхыхьащ Ахъмэт Амир и гъэсэн цIыкIухэм.

Тренер губзыгъэм, набдзэгубдзаплъэм, зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкIым занщIэу гу къылъитащ хъыджэбз цIыкIум икIи, ерыщу зигъасэмэ, абы лъагапIэ нэхъ ин дыдэхэр къыхуэщтэну къилъытащ. Ахъмэтыр щыуатэкъым.

Илъэс зыбжанэкIэ узэIэбэкIыжмэ, Европэм пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ Испанием щекIуэкIа зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр щиубыда нэужь, Миланэ жиIат, сыт хуэдэ лъагапIэми удэкIуеинри зэрыгухэхъуэр, ауэ езым и плъапIэ нэхъыщхьэу щытыр къэралым и командэ къыхэхам хэхуэныр, Олимп джэгухэм хэтыныр зэрыарар.

Испанием япэ увыпIэр къыщихьу езым и цIэкIэ гимн къыщеуам щыгъуэ ар гуфIэгъуэм зэщIищтат, икIи зэрытекIуам и мызакъуэу, ирипагэрт тренерхэр, и анэр къызэрыщыгугъар нэрылъагъу зэращищIам.

«Абы щыгъуэ къызгурыIуат, ерыщу хущIэкъуу щытмэ, сыт хуэдэ хъуэпсапIэри лъагапIэри цIыхум зэрызригъэхъулIэфынур, къызэрыхуэщтэнур», - къыхигъэщат Миланэ.

Спортым зыхуэзыгъасэ ныбжьыщIэхэм защыхуигъазэкIэ абы жеIэ, къыхэпха спорт лIэужьыгъуэм уигу хэмыхьэмэ, жыпIэнурамэ, ар уи лъым хэмыту щытмэ, абы щыпщIэн зэрыщымыIэр. Языныкъуэхэм гугъущэ зыдрамыгъэхьу, лъагапIэхэми хуэмыпабгъэу, я Iэпкълъэпкъыр япсыхьын къудей щхьэкIэ хэтщ спортым. Хэти ерыщу яужь итщ абы и щэху псори къызэращIэным, лъагапIэшхуэхэм зэрынэсыным, ар я гъащIэм хэпщауэ щытщи. ТекIуэныгъэ инхэр къэпхьыну ущIэхъуэпсмэ, узыщымысхьыжу, уи къаруи зэмани уемыблэжу зыбгъэсэн хуейщ. НэгъуэщI хэкIыпIэ абы иIэкъым. Спортым убгъурыту урикIуэкIэ зыми и пэрмэнкъым, жеIэ Миланэ.

Абы къыдэкIуэу, Бекъулыр тренер бэлыхь хуэзат, спортсменым и гурыщIэм, зыхуэныкъуэми зытрикъузэнуми щыгъуазэу, и псэм щигъэвхэр зэхищIыкIыу.

«Тренерым и IэщIагъэм хищIыкIыу щытмэ, спортсменым дежкIэ ар ехъулIэныгъэшхуэщ. Сэ абыкIэ си Iуэхур къикIащ. Ахъмэт Амир хуэдэ тренер уигъэлъыхъуэнщ. Ар цIыху хьэлэмэтщ икIи гъэсакIуэ Iэзэщ. Си фIэщ мэхъу абырэ сэрэ лъагапIэ куэд иджыри къызэрытщтэнур», - жеIэ Миланэ.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, иджыпсту къэралым къращIылIа дэкъузэныгъэхэм я Iэужьу, ди спортсменхэр хуиту утыку ихьэжыфыркъым. Пэжщ, тхэквондомкIэ зызыгъасэхэм ар щхьэщахащ икIи абыхэм хуитыныгъэ кърататщ зэхьэзэхуэхэм хэтыну икIи дыщыгугъынщ Бекъул Миланэ и щIыхькIэ къэралым и Гимныр Олим джэгухэм я утыкум къыщеуэну. Дэ тщIэращи, ар гукIи псэкIи абы хуэхьэзырщ икIи шэч къытетхьэркъым, апхуэдэ Iэмал абы кърату щытмэ, ар зэрызригъэхъулIэнум.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

УнафэщI-редактор ШИРДИЙ Маринэ

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.625 • Заказыр №2568

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А